

MHEDZISO

 Maita henyu, Hama Shakarian. Ngatirambei takamira kwechinguvana. Ndine chokwadi, muungano yakakura zvakadai, pane zvikumbiro zvakawanda, vanhu vanorwara, vane zvavanonyatsoda, uye saka ngatingokotamisei misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate. Hezvinoini zvikumbiro zvakawanda zviri pano, zvakare, nemahengechepfu.

² Baba vedu veKudenga, tiri kuuya zvino muZita raIshe Jesu, tichiziva izvi, kuti Makavimbisa kuti Muchanzwa uye muchapindura minamoto yedu. Uye ndinoKukumbirai kuti mutinzwirewo tsitsi, kuti muregerere zvivi zvedu. Uye tinodzidziswa, muMagwaro, kuti, “Munoregerera zvivi zvedu zvose, nekupodza zvirevere zvedu zvose.” Uye tinonamata, Baba voKudenga, kuti izvi zviitwe masikati ano zvino, nokuti tiri kuzvikumbira muZita raIshe Jesu.

³ Pamahengechepfu aya nezvikumbiro, tinodzidziswa muMagwaro, kuti, “Kubva pamutumbi waPauro pakatorwa mahengechepfu nemaapuroni, uye mweya yakaipa yakabuda muvanhu, uye vakapodzwa.” Zvino, ndiMi Jesu mumwe chete nhasi. Uye tinomira, muhuwandu, tichikumbira kuti Mugopa zvinhu izvi.

⁴ Hapana, kupokana, zvikumbiro zvakawanda muchivakwa nhasi, zvevanhu vazhinji kwazvo vane zvavanonyatsoda munguva ino. Vapeiwo zvavanoda, Ishe, zvese panyama nepamweya, nekuti tinokumbira izvi muZita raJesu. Amen.

Zvakanaka. Maita henyu, hama.

⁵ Taisimboimba karwiyo kadiki, makore apfuura, “Kakutaura Kadiki NaJesu KanoZviita Kutu Zviringane.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁶ Zvino, ndinotenda kuti Hama Williams vachangopedza kutaura kuti pane kudya kwemangwanani panguva dzemangwanani. Uye zvino, handitendi kuti ndakambonzwa kuti gore rinouya kuchave kupi kwacho. [Imwe hama inoti, “Ipo pano.”—Mupepeti] Ipo—ipo pano zvakare. Ipo—ipo pano zvakare. Saka, nzvimbo imwe chete iyoyo. Nzvimbo imwe chete, zvakanaka kwazvo. Hongu. Zvakanyanya . . .

⁷ Vanhu vanofanira kunamata paJerusarema, ndiyo Tucson, kwete—kwete zasi kuno. Maona? Zvino, muri zasi pasi pechikomo. Jeriko iri zasi pasi pechikomo, kubva kuJerusarema, munoziva. Saka, ndiyo Jerusarema zasi uko. Maona? [Imwe hama inobva yati, “Tinotarisa chishamiso chikuru ikoko.”—Mupepeti] Mazvinzwa here izvozvo?

⁸ Saka, “Vanhu vanofanira kunamata Mwari, kwese-kwese,” Jesu akadararo, munoziva. “Kwete paJerusarema, kana pano kana mugomo iri, asi kuVanamata muMweya nemuZvokwadi.” Ndicho chinhu chine basa, “MuMweya nemuZvokwadi.”

⁹ Zvino, ini, kazhinji, pandinotaura, ndinongonokera kwazvo. Nda—ndakanga ndichiyemura Hama Velmer Gardner, humwe husiku, vaigona kuuya pano uye voisa zvakawanda mumaminiti 15 kupfuura zvandingaisa mumaawa 3. Ini zvangu!

¹⁰ Ini—ini handizive kana ndakambokuudzai izvi kana kuti kwete. Pandaiva mu—mudiki, ini...baba vangu vaiva mutasvi, munoziva. Uye vaiwanzotasva mabhiza voapingudza, vachitevera mitambo yekutasva, zvekupfura, kupfura zvine hunyanzvi. Uye ivo...Ndakafunga, munoziva, pandakasvika makore angaita 12 ekuberekwa, ndaifanira kuzoita sababa vangu. Saka pavairimisa bhiza rekare, kunze uko muIndiana, munoziva, kusvika raneta zvekutozotadza kufamba. Nda—ndaitora baba vangu, pavanenge vatenderera kamwe negejo, munoziva, vachibuda kure kuseri kwemunda. Ndaisvika zasi ikoko kwavaiva nechirongo chekare chekunwira mvura chakagadzirwa nedanda.

¹¹ Vangani vakamboona chimwe chezvirongo zvekunwira mvura? Haiwa, tarisai vanhu vekuKentucky vari muno!

¹² Saka, oo, ndaimbova nenguva huru, ndodzika zasi ndonoisa nyongorosi yemumvura mumvura, munoziva, ndoiona ichizvonyongoka, yataidaidza kuti, “munyoka wenyongorosi yemumvura.” Ndetwuya...Munoziva, ukakagunzva, zvino kanobva kazvongonyoka. Uye nyuchi...

¹³ Ndaitora vanun’una vangu vadiki nevole, ndovagarisa pasi ipapo. Uye ndotora bhiza rekare rekurimisa, munoziva, ndobvisa mahanesi pariri nekukurumidza chaiko, ndotora chigaro chepabhiza chababa, chitsama chezvaguduma ndozviisa pasi pechigaro, ndobva ndadhonza bhandi repachigaro. Nda—ndaismetukira ipapo. Bhiza rinonzwisa urombo, rakwegura uye rakaneta, zvino rakanga risingakwanise kubvisa tsoka dzaro kubva pasi. Raibva rangorira haro, munoziva. Zvino ndaizeyesha ngowani iyoyo kuno nekoko. Ini zvangu! Ndaifunga kuti ndiri mutasvi.

¹⁴ Zvino ndakafunga kuti mose munondida kunze kuno, kunze uko kuArizona, kuzopingudza mabhiza enyu, munoziva. Saka, pamakore angangoita 17, 18 okuberekwa, ndakatiza pamba, ndikasvika neche kuno kwavaive nemu—mutambo wekutasva mabhiza. Saka, ndakafunga kuti, “Haa, kana ndikangogona kunopinda mumutambo wekutasva mabhiza iwoyo, ndichavatasvira mabhiza acho. Ndichawana mari.”

¹⁵ Saka, ndinorangerira, mutasvi wekutanga akabuda. Akanga akatasva rainzi...Ndinotenda kuti vanoridaidza

kuti, “The Kansas Outlaw.” Ibhiza hombe kwazvo, muchinda mutema mukuru angaita maoko 17 kuenda mudenga. Ibhiza rinorema chaizvo, rakasimba. Ndakafunga kuti, “Zvinoka, kana muchinda uyo achigona kuritasva, kana neniwo ndinogona.” Zvino mutasvi uyu ane mukurumbira akabuda ipapo.

¹⁶ Zvino ndakanga ndakagara padanga, munoziva, nepadanga paiva nevakomana vemombe ava vose vakakuvara-kuvava, munoziva. Ndaive ndisina kukuvava-kuvava chaizvo sezvavaiva, asi ndakafunga kuti ndaive mutasvi anogona. Saka ivo. . . Kana ndakatasva bhiza riya rekare rekurimisa, zvino ndaizotadza sei kutasva iroro?

¹⁷ Saka paakabuda muchizarira, varume, bhiza iroro raigona kuisa tsoka 4 dzose mudhishi. Rakasvetuka richizvonyongoka ndokutenderera ipapo, kashoma. Zvino chigaro chakaenda nekoko, uye mutasvi akaenda nekumwewo. Uye vanhu vanotora zvinhu vakatora bhiza, uye amburenzi ikatora mutasvi. Ndakaziva kuti rakanga risiri bhiza riya rekare rekurimisa randaigara ndichitasva.

¹⁸ Mushamarari akauya, akati, “Ndichapa chero munhu,” akati, “madhora 50.” Yaiva mari yakawanda panguva iyoyo. “Madhora 50, anokwanisa kuritasva, masekondi akawanda *zvaka dai* ari pariri.” Zvino iye. . . Nda—ndaingobvunda. Akauya kwandiri akati, “Uri mutasvi here?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

¹⁹ Pandakaponeswa pokutanga uye ndikagadzwa, muchechi yeMissionary Baptisti, ndaisitakura Bhaibheri kwese-kwese, munoziva, uye ndaida kuti mumwe munhu andibvunze kana ndaive muparidzi, munoziva. Asi nguva dzose, mumwe munhu akati, “Uri muparidzi here?”

Ndaiti, “Chokwadi.”

²⁰ Rimwe zuva ndakanga ndiri kuSt. Louis. Ndakanga ndichangosangana nehama yedu yechiBaptisti, uye ndakanga ndiri uko kuSt. Louis. Zvino ndakanzwa mumwe muchinda ainzi Robert Daugherty. Vazhinji venyu munogona kumuziva. Zvino akanga ari mumusangano wemutende. Akanga ari hama yechiPentekosti. Ini zvangu! Murume iyeye aiparidza kusvika ava bhuruu kumeso. Uye iye—iye—iye aingoparidza kusvika adzika pasi. Waimunzwa achifema, mabhuroko 2 kubva ipapo, asina maikirofoni, zvakare. Uye obva angofema zvakasimba, uye odzoka kumusoro, achiparidza.

Kubva ipapo, mumwe munhu akati, “Uri muparidzi here?”

²¹ Ndaiti, “Kwete. Ndi—ndinongonamatira vanorwara.”

²² Maitiro angu ekare echiBaptisti, anononokera haazvifungi nekukurumidza kudaro, saka ingotsungiriraiwo neni, munoziva. Uye munoziva kuti iGwaro, rakati “tsungirirai nevane hutera,” saka ndini wacho. Saka ndinotenda kuti mose makaedza

kuzviita vhiki rino, uye mukaita basa rakanaka kwazvo. 10 o'clock husiku, pandaifanirwa kunge ndiri kumba uye ndakarara, asi ndaikuchengetai muri kunze.

²³ Asi, chaizvoizvo, masikati ano, ndichaedza kukurumidza ndobva ndatongobuda. Ndine basa rakawanda rekutyaira masikati ano, kuitira kuti ndidzoke kuno mangwanani.

²⁴ Uye, saka, ndi—ndinokutendai, zvakadaro. Uye kana ndikasawana mukana wekutura izvi pane imwe nguva, ndinokutendai, zvikuru, mumwe nemumwe, imi mose vashumiri, nemi vanamuzvinabhizimu veChikristu. Chaizvoizvo, mufaro chaiwo, kuti mundikoke, uye mondirega ndichiuya pano ndoisawo chikamu changu chidiki pamwe nemi hama. Hama Shakarian, Hama Williams, neva—varume vese. Zvirokwazvo ndinotenda.

²⁵ Uye sei usina kuti “ameni” nguva shoma yapfuura, Tony, pandataura nezveTucson? Handina kana kumbomunzwa. Ndiye muvhimi anogonesesa muArizona kana ndiri muIndiana, munooni, asi ndezve mushure mekunge ndaenda kuIndiana. Makaona here mufananidzo wake mubepa rimwe zuva? Uko... Tinofanira kushandura izvozvo, Tony.

²⁶ Saka zvino, rangarirai, mangwana manheru, mabiko ku... naHama Oral Roberts.

²⁷ Uye, zvino, tisati tasvika paShoko, nda—ndanga ndiri kuzotaura masikati ano pamusoro pe*Kuverenga Nenhendashure*. Uye ndafunga kuti—kuti pandaizopinda muno, maizenge muchiri makagara pano na 7 o'clock. Oo, oo, pamusoro pezvakanwanisa kuitwa nesainzi, uye kwozoti izvo zvakanwanisa kuitwa naMwari, munooni. Zvino saka tiri kurarama mune rimwe zera rakasiyana nerataimborarama, zvoise panyama nepamweya. Saka tino—tinotenda nekubudirira kwedu muzviyero zveuweya, zvimwe chete nesainzi iri mune zvavo—muzviyero zvavo zvezvinobatika, zviyero zvesainzi. Zvino regai, kana musina basa nazvo, zvakare...

²⁸ Munoziva, unogona kuimba zvakananyisa. Handioni kuti ungazviita sei, kana ukaimba sekwaya yeHama Outlaw, nguva yapfuura, pandanga ndakamira ipapo ndichirwuteerera, ivo vachiti, “Kumusoro, kumusoro, kumusoro, kumusoro.” Uye, asi, uye zvakare, unogona kudya zvakananyisa. Unogona kunwa zvakananyisa. Unogona kushanda zvakananyisa. Asi handifunge kuti unogona kunamata zvakananyisa. Bhaibheri rakati, “Ndingada kuti vanhu vanamate kwese-kwese, vachisimudza maoko avo matsvene.” Maona?

Saka ngatikotamisei misoro yedu zvakare, kwechinguvana.

²⁹ Baba veKudenga, ti—tinoda kutaura neMi. Uye ndinofunga nezvevarume, madiro andinoita, kuziva kuti vari muguta, ndichingokwazisa ruoko rwavo nokutura navo. Tose tine manzwiwo iwayo. Uye zvakatonyanya kukura sei kuva nemukana

wekutaura neMi, Ishe wedu neMuponesi wedu! Uye mwoyo yedu inorova, kuva muhupo hwemumwe nemumwe, uye zvino zvakatonyanya sei patinoziva kuti tiri muHupo Hwenyu Hutsvene!

³⁰ Uye tinoziva kuti Muri pano, nokuti Makati, “Chero kupi zvako.” Kana kuri pasi rose, kana kutenderera pasi rose, kana chero kupi kwakunogona kuva kuri, “Pakaungana 2 kana vanodarika Muzita raNgu Ndichange ndiripo pakati pavo.” Uye tinoziva kuti Gwaro iroro harikundike. Vimbiso iyoyo iTsvene. Yakabva pamiromo yeMuponesi. Uye naizvozvo, pamwe tiri...hana yedu uye neyedu...Chivi chekusatenda kwedu chakatiparadzana, kure-kure kwazvo, zvokuti tisakwanise kuKucherechedzai kuti muri pano. Asi Muri pano zvimwe chetezvo, nokuti Munochengeta vimbiso yeNyu.

³¹ Uye zvino, Makati, “Kana vakakumbira chero chinhu zvacho, pamusoro pechimwe chinhu, uye chichapihwa kwavari.” Uye, Baba, chi—chinhu chikurusa chandingafunga nezvacho, panguva ino chaiyo kuungano ino, tidyiseiwo, Ishe, paMana yemweya inobva kuna Mwari, ichibva Kudenga. Zviitei, Ishe. Tipeiwo kudya kweShoko reNyu. “Shoko reNyu iZvokwadi.” “Uye munhu haangararama nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.” Uye patinoRiverenga, dai Mweya Mutsvene waRiendesa kumoyi wega-wega, uye woRigovera pakati pedu nhasi zvingori maringe nezvatinonyatsoda, nokuti tinozvikumbira muZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Amen.

³² Zvino, kakawanda, sezvandambotaura, vashumiri nevanhu, tinoteererana tichitaura. Uye tinotora zvinyorwa zveMagwaro zvakataurwa nemumwe mushumiri, kana mumwe munhu. Uye—uye ndinogara ndichiita izvozvo, ndichienda zasi nenzira. Ndine bepa diki, bhuku diki, riri pane...padivi pangu. Zvino rimwe Gwaro rinouya mupfungwa dzangu, ndinorinyora pasi. Uye chinhu chekutanga munoziva...Zvino, imi mose mune mhosva yekudaro, hatisi here? Tinoita izvozvo. Uyezve, mushure mechinguva, Mweya Mutsvene uchamutsiridza izvozvo kwatiri. Uye tinowana imwe pfungwa, zvino ndinotozongotyaira ndoenda padivi penzira uye ndonyora zvimwe zvinhu pasi.

³³ Uye—uye ndiyo nzira, zvino, kana ndazosvika panguva yekutaura, ndinodzokera muzvinhu izvozvo. Ndinotanga kufunga nezvazvo, ndichitora Magwaro ekuzotaura nezvawo, ndobva ndanyora Magwaro ekuzotaura nezvawo pasi. Uyezve pandinozoenda kwazviri, ndinoyeuka zvinotaurwa neRugwaro rwacho, ndobva ndatotaura kubva ipapo. Tose kazhinji tinozviita nenzira iyoyo.

³⁴ Zvino ndichaverenga ingangoita ndima imwe chete, kubva mubhuku raVaFiripi zvakare. Ndaiverenga kubva muna VaFiripi humwe husiku, uko...Chitatu manheru uko naHama Shores

kuAssembly of God, pandakatura pamusoro penyaya yokuti *Kubatanidzwa Na Ye*. Uye zvino ndinoda kuverenga muchitsauko 1 chaVaFiripi, pamasikati ano, neche pandima 20. Uye zvino ngatiteererei tiri mumunamato patinoverenga.

Maererano netarisiro dzangu huru *netariro* yangu, *kuti handinganyadziswi* pane chero chinhu, *asi* icho chinova hushingi, hushingi hwose, . . . nguva dzose, saka zvino *Kristu* zvakare acharatidzwa *mumuviri wangu*, *kana noupenyu, kana nokufa*.

Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, uye kufa kupfuma.

Asi kana ndichirarama panyama, ichi ndicho chibereko chokubata kwangu: asi icho chandichasarudza handizivi.

³⁵ Ndanga ndichifunga izvi, uye ndikafunga kuti ndaizoshandisa pfungwa diki inonyatsozivikanwa, izwi rimwe chete.

³⁶ Unoti, “Hama Branham, *shoko* rimwe reizvi, zvichida chiuru chevanhu vagere pano? Ringori *shoko* rimwe chete?” Zvinoka, kana iri mhando chaiyo yeshoko. Maona?

³⁷ Zvino ndinoda kuedza, kana Mweya Mutsvene, Uyo Unotifemera, kuti ndivake zvisoma, ndiwane chirevo chidiki pamusoro pechidzidzo changu. Ndinoda kuchidana kuti: *Mhedziso*.

³⁸ *Mhedziso*. Zvino, ndakanga ndichitarisa muduramazwi, kuti ndione. Pandakanga ndakatarisa shoko rokuti, *kucherechedzwa*, ndakasangana neshoko iri, *mhedziso*. Uye *mhedziso*, maringe neduramazwi raWebster, ndiko kuti, rinoti ndicho “chakazvikwanira pachezvacho; chisina muganhu musimba; pamusoro pazvo musimboti wazvose.”

³⁹ *Mhedziso*, inoshandiswa kakawanda, ndiyo “shoko rekupedzisira,” ndiyo “ameni.” Unonzwa vanhu vachiti, “*Zvirokwazvo*, ndizvozvo.” Ndicho “chinhu chekupedzisira.” Icho—icho “hachina muganhu.” Maona? Ichochi, chinotora “kubva pano zvichienda mberi.” Hapana “chimwe chinhu munzira yacho.” Ndicho—ndicho “chinhu chepamusoro-soro.” Ndiyo “musimboti.” Uye musimboti ndiwo, apo, pamusoro pazvose musimboti, nokuti “wasvika kumagumo.” Ndiyo “ameni yacho.” Ndizvo zvoga.

⁴⁰ Zvino, chero zvacho, uye chakasungirirwa kune budiriro huru yose, chaive chiri mhedziso. Kumunhu wose, uye nezvinhu zvose zvakaitwa, kana kuitwa, waro, pakava nemhedziso yakabatanidzwa nazvo. Panofanira kuve nechimwe chinhu, nekuti ndiyo mbambo yekupedzisira. Uye munhu haakwanise, nenzira ipi zvayo, kuita chero chinhu kusvika zvasvika imwe nzvimbo pavanocherechedza kuti pane mhedziso.

⁴¹ Imwe nguva, muhofisi ya—yachiremba, ndaitaura nachiremba. Zvino akati, “Zvino, ndi—ndinokuudza, Billy.” Akati, “Ichokwadi kuti—kuti ndinotenda kuti munhu anogona kunyatsova nekutenda kwakakwana, zvekuti anogona kubuda pano obata muti uyu opodzwa.”

⁴² Ndikati, “Asi, chiremba, munhu angakwanisa sei kuwana kutenda kwakakwana kwekuti abate muti uye agopodzwa? Maona? Nokuti, hapana hwaro kwazviri. Ha—hapana nzvimbo yaunogona kusungirira pairi, nekuti ha—hazvisi—hazvisi, hwaro, maererano nemagwaro.”

⁴³ Asi unofanira kuva nechimwe chinhu chaunogona kusungirira pachiri, kuti uzive kuti iChi ndicho. Ndizvo... Zvinhu zvidiki zvakawanda zvinogona kutungamira kwazviri, asi ndiYo Shoko rekupedzisira, chinhu chekupedzisira. Ndosaka ndakagara ndichitenda mu—muShoko.

⁴⁴ Uye ndinoziva, zvichida chapupu chidiki chinouya pamoyo wangu iko zvino, chinogona kunge chisina kunyatsokodzera, asi ndi—ndinovimba kuti icho—hachizogumburi. Uye mudzimai wangu akagara apo, uye, oo, vazhinji pano, vanoziva kuti ichokwadi. Pakanga paine...

⁴⁵ Ndaisifambidzana nemumwe mudzimai we—we—wechidiki aive pa...aibva kuchechi yeBaptisti kuMilltown, Indiana, yandaisimbofudza. Uye mudzimai wechidiki uyu akanga ari mumisangano akaona zvakaikwa naMwari. Uye, oo, taingova shamwari, taingova shamwari dzakanaka. Uye gare-gare tese takanga...Akaroowa nejaya rakanaka. Uye—uyezeve, gare-gare, ndakazoroora. Uye hatina kuonana, kwemakore.

⁴⁶ Baba vake vaiva shamwari yangu chaiyo yepedyo. Zita rake rainzi Lee, Marion Lee. Zvino ndinorangarira, humwe husiku, rimwe Gwaro, vakatadza—vakatadza kuRinzwisisa. Vakati, “Hama Branham, ini—ini handisi kukupokanai. Asi,” vakati, “munoziva, ndakagara ndichidzidziswa *izvi*.” Vaiva—vaiva muNazarene. Zvino vakati, “Nda—ndakadzidziswa *izvi*. Uye handisi kutongokwanisa kuZvinzwisisa.” Zvino vaiva kapenda.

⁴⁷ Ndakaenda navo kumba, humwe husiku, zvino vakati, “Ndinokutaurirai. Apo Norma nevamwe vachikwira kumusoro,” vakati, “ngati—ngatimbodyei zvisihoma. Takawana chimodho nemukaka wakakora.” Zvakanaka chaizvo. Uye saka isu... ndinogona kunyatsoshanda nazvo zvakanaka iye zvino.

⁴⁸ Handina kunge ndiri kudya kuda kwemavhiki 3 pano, zvisihoma bedzi, pano neapo, kuitira kuti ndigone kuva muchinhanho chakanakisisa kuitira Ishe wangu.

⁴⁹ Uye zvino, takawana girazi guru remukaka wakakora unotonhora kubva mukamba kari pachisipiti, nechidimbu chikuru chechimodho chinotonhora. Zvino takagara pasi, tikamedura-medura chimodho ichi mukati imomo, chataidya.

Zvino vakati, “Billy, handisi kunzwisisa Izvozvo zvauri kutaura nezvazvo.”

⁵⁰ Saka, ta—takaenda kunorara. Nguva dzingaita, nguva dzafamba husiku, iye... Takataura kusvikira nguva dzinenge one o'clock. Ndakazokotsira ivo vachiri kutaura neni. Zvino va—vakamuka, uye vakati, “Nda—ndarota ndichivaka chivakwa kumusoro ku—kuNew Albany, zvino murume wacho andisiira purani yacho. Akaenda kuFlorida. Uye aive ane, papurani iyi, aive nehwindo rakabudikira kunze. Ini ndikati, ‘Murume uyo haadi hwindo rakabudikira kunze kunze uko,’ saka ndakangorisiya. Ndokuti, “Zvino murume wacho paakadzoka, akati, ‘Handisi kuzokubhadhara pachivakwa chino kusvikira wachiputsa nekuchivakazve zviri maererano nepurani iyi.’”

⁵¹ Ndikati, “Hako karukova zasi kuno chaiko. Hakasi kure zvakananyanya. Saka, hamudi kuenda kunoputsira pasi chimwe chinhu zasi kumagumo enzira. Munogona kunge musina nguva.”

Vakati, “Zvakanaka nemapijama angu here?”

Ndikati, “Neanguwo, zvakare. Handei.” Saka takadzika zasi.

⁵² Saka mwanasikana wavo akakurumbira zvikuru, kwazvo, nevazukuru vavo, pane zvekuimba.

⁵³ Zvino va—vakanga vari veUnited Brethren. Mwanasikana wavo akaroorwa, nemushumiri weUnited Brethren, kana kuti mwanakomana wemushumiri. Zvino mukomana uyu, murume akanaka, aishanda pamichina kumusoro kunzvimbo inogadzirwa zvikepe. Zvino musikana mudiki uyu ari kuedza kuraramira Kristu. Zvakaisa kumanikidzwa kwakawanda pavari.

⁵⁴ Vaiva vana vakatesva njere kwazvo. Mumwe wavo, pamakore 17 ekuberekwa, aidzidzisa mumhanzi. Akanga adzidza zvepamusoro, uye akanga ari musikana akatesva njere zvikuru.

⁵⁵ Saka munhu mudiki uyu haana kugona kumira pakumanikidza kwekusekwa, zvino vaimuudza kuti aive wechinyakare, nezvimwe zvakadaro. Zvino mushure mechinguva, mwana akakanganisika njere.

⁵⁶ Vaka—vakamuendesa kune, kwavanoti, Our Lady of Peace, chipatara cheKatorike muLouisville, kuti agorapwa nemagetsi. Uye vakamupa...

⁵⁷ Hongu, ndezve kungofungidzirawo. Kana paina chiremba pano, ndinovimba kuti handizokugumburai nazvo. Asi dzimwe nguva zvinovaita kuti vatonyanye kukanganisika kupfuura kumashure.

⁵⁸ Uye zvadaro vakamurapa nemagetsi, uye zvikaite kuti mwana atowedzera kukanganisika. Saka vakamudzoserwa kumba. Mavhiki mashoma, vakazomudzosa zvakare, uye akanga ari muchimiro chakaipa kwazvo nguva iyoyo. Saka

vakamuchengeta, vakaedza kumurapa ikoko, kwenguva yakati rebei, asi akatowedzera kukanganisika.

⁵⁹ Zvino mazuva 3 kubva ipapo, vakange vari kuzomutora kuenda naye kuMadison. Ndiyo nzvimbo yevanorwara nenjere yava—vanovaisa mukakamuri kane madziro akaiswa zvakapfava, kubva ipapo.

⁶⁰ Saka amai vacho vakati, “Hatina kukundwa.” Zvino vakati, “Tichaona kana tikakwanisa kuita kuti Hama Branham vauye kuzomunamatira, kana vari kumba.”

⁶¹ Saka vakafona, uye zvakangoitikawo kuti ndakanga ndiri kumba. Saka akauya kuzondiona, akati, “Hama Branham, mungaendawo here uko, kuzomunamatira?”

Ndikati, “Chokwadi.”

⁶² Saka vakadana chiremba. Zvino chiremba ndokuti, “Ndiani uyu ari kuuya?” Saka vakamuudza kuti aive ini. Zvino akati, “Zvino, ndichakutaurirai, mirai.” Akati, “Ticha—ticha . . . Mundifonere zvakare, masikati ano.”

⁶³ Zvino, akafona, uye akaramba achifona kusvika na 1:00 o'clock mangwanani. Mudzimai wake akaramba achiti, “Haapo.” Mangwanani akatevera akafona. “Haapo.” Uye zuva rechitatu vaizoendeswa mwana.

⁶⁴ Saka, ndi—ndinovenga kutaura izvi, asi ndine nzira yekuziva nayo. Chiremba akanga achingonzvenga nyaya yacho. Maona? Saka zvino baba vakanga vari kuhuta-huta chaizvo. Ndakanga ndichizoenda zuva raitevera, zvekutoenda. Zuva iroro ndiro roga rataiva naro.

⁶⁵ Saka amai nababa vacho, nevamwe vanasisi 2, vakauya, vachichema, vakati, “Iye, ari kungonzvenga.”

⁶⁶ Ndikati, “Chokwadi, atori. Asi regai ndikuudzei. Musati ndiri mufundisi. Regai ndiende ikoko seshamwari, ndichingoendawo nemi.”

⁶⁷ Saka takaenda kuchipatara. Munoziva, vanokiya magonhi kumashure kwako, vokutakura neelevator, vozokiya elevator yacho. Saka . . . Zvino sisita ava vaienda nesu kumusoro.

⁶⁸ Zvino takapinda mukamuri yacho, ndokugara pasi padivi pemubhedha. Uye ipapo musikana mudiki iyeye akanaka kwazvo, ane makore angangoita 16 zvakada kudaro, akagara ipapo, aenda zvachose. Iwe . . . Iye, achingotarisa akati ndee. Waigona kuvheyesa maoko ako, uye iye aisatombozvicherechedza.

⁶⁹ Zvino ndakati kwaari, “Ruthie, ko—ko unondirangarira here?” Ndikati, “Ndi—ndi—ndini Hama Branham.” Ndikati, “Waimbondidaidza kuti Bro’der Bill.” Ndakati, “Nda—ndakakupa kuna Kristu, uchiri mudiki. Haundirangarira here?”

⁷⁰ Akangomira akatarisa. Oo, musikana akanaka; uye 3 vavo, vaive vatatu, vanasisi 3. Uye ndakaedza kuita kuti andione, zvino ini—ini handina kukwanisa kuzviita. Aive akadzvokora. Ainge asitoripo zvachose.

⁷¹ Zvino ndakagara ipapo. Uye ini... Vaisava nembiru dzepamubhedha munzvimbo idzodzo, munoziva, nekuti vaivadzivirira kuti vasakuvare. Zvino ndakagara, kutsoka kwemubhedha. Amai vacho vakagara, kune rimwe divi remubhedha wacho mudiki, mubhedha mudiki uyu, wemunhu mumwe chete mukamuri diki iyi. Zvino musikana wacho akanga akagara pane chidiki, chakaita sechigaro chidiki chakavakirirwa pamadziro. Uye sisi vacho vakamira, uye baba vakanga vakamira pedyo nemusikana.

⁷² Uye amai vacho vainge vakamira ipapo, nemisodzi ichiyerera nepamatama avo. Vakati, “Waonaka, Billy? Chii—chii chatingaite?”

Ndikati, “Zvinoka, inzwa, Norma. Kristu achiri Kristu.” Waona?

⁷³ Akati, “Uyu ndiwo wanga uri mukana wedu wekupedzisira.” Akati, “Kana vakamuendesa kumusoro ikoko, munoziva zvichaitika.” Akati, “Hatife takamuona, ndinodaira, zvakare. Uye kana tikadaro, unoziva zvazviri, ma—mabatirwo avanoitwa ikoko.”

⁷⁴ Zvino ndakati, “Zvinoka, Norma, ngatirege kuvhundutswa.” Ndakati, “Tongo—tongomirira kwemaminitsi mashoma.” Uye ipapo, pasina nguva ndazvitaure, hapo pakamira musikana uyu pamberi pangu, muchiratidzo, akagwinya samazuva ese, achinyemwerera. Zvino akanga akatarisa mumwe mujaya. Zvino ndakatarisa mujaya uyu.

⁷⁵ Ndakatarisa zvakare. Chiratidzo chakandisiya. Ndikati, “Norma, ane mukomana here, akaita seakareba uye ane bvudzi dema?”

“Hongu.”

Ndikati, “Anoita chimwe chinhu navo here mukuimba?”

Akati, “Hongu. Ndizvozvo.”

⁷⁶ Ndikati, “Usanetseka. Ndine ZVANZI NAJEHOVHA. Ari kuzobuda mazviri.”

⁷⁷ Norma akakanda maoko ake ndokundibata pabvi, akatarira kumurume wake, akati, “Mudiwa, hazvifi zvakakundika.” Akati, “Hazvimbokanganisa.”

⁷⁸ Musikana wacho haana kumboshanduka napaduku pose. Ndakati, “Zvakanaka, Norma. Unoziva kuti handaizokuudza izvozvo zvino kunze kwekunge ndazviona. Uye Mwari havagone kunyepa.” Maona? Ndakabuda muchipatara ndokupinda mumotokari yangu. Vakasara.

⁷⁹ Uye maawa angangoita 2 kubva ipapo, foni yaingorira, pandakasvika ndichibva kwaVaWood, pazasi pachu. Zvino vaive baba vake. Vakanga vari pafoni. Vakati, “Hama Branham, ndine chimwe chinhu chekukuudza.” Vakati, “Manga musina kunge maenda kwemaminiti 20, ndokubva abengenuka, semazuva ese. Uye aongororwa navanachiremba vese vanoshandapo. Tiri kuenda naye kumba mangwanani.”

⁸⁰ Uye zvino, munoona, zvino anoimba kutabhenakeri zvino. Zvino, pane varume nevakadzi pano, vanobva—vanobva kuJeffersonville uko, vanoziwa kuti nyaya iyi ndeyechokwadi. Kana muri muno masikati ano, simudzai maoko enyu, vangani vanoziwa nyaya iyoyo? Hongu. Maona? Kwese-kwese, vanoziwa kuti ichokwadi, chokwadi chemazvirokwazvo.

⁸¹ Zvino, chaiva chii? Mudzimai mudiki iyeye akashandisa chiratidzo ichocho se—semhedziso, musimbati. Maona?

⁸² Unofanira, muzvinhu zvose, unofanira kuva neimwe nzvimbo yaunogona kusungirira pairi. Uye ndakagara ndichishandisa Shoko raMwari, nekuti hakuna imwe mbambo yandinoziwa nezvayo, yakakura saizvozvo, nokuti “Zvose matenga nenyika zvichapfuura,” akadaro Jesu, “asi Shoko raNgu harizombokundiki.” Imbambo yakadini!

⁸³ Zvino, Pauro aiva nehupenyu hwakanangiswa pana Kristu. Iye... Aiva, Kristu, aiva mhedziso yaPauro.

⁸⁴ Akanga—akanga ari mudzidzisi mukuru, Pauro aiva. Akadzidziswa pasi paGamari. Uye aive mudzidzisi mukuru, wake, pasi pesangano rekwaakabva kuvaFarisei. Uye akadzidziswa, akafundiswa, uye aive nenheyo yakanaka kwazvo.

⁸⁵ Ndinofunga, paakagamuchira Mweya Mutsvene, ndokudzika kuEgipita kwemakore 3, ndinofunga kuti ndipo paanofanira kunge akasvika pakutora Rugwaro uye achiRwenzanisa nechizaruro chaakanga awana, kuti aone kana Chaiva chechokwadi. Uye munoziva bhuku guru, rine mukurumbira, raVaHebheru, hapana mumwe aigona kunge akarinyora kunze kwaPauro, nekuti aiziva zvaive, mifananidzo iyoyo nezvaifananidzirwa. Chidzidzo chakanaka kwazvo!

⁸⁶ Uye zvino, Pauro akanga asangana naJesu rimwe zuva. Akasangana ne... Akasangana naYe, chiso nechiso, munzira yekuDhamasiko apo akanga achidzika zasi kunotambudza Makristu.

⁸⁷ Mu—murume aiva nemusindo chaizvo aityisidzira zvikuru, nokuita zvinhu zvinopesana neChechi yaMwari, achiIvhiringidza, kunyangwe kutoItambudza kusvika kurufu. Asi rimwe zuva munzira kuenda zasi...

⁸⁸ Chikonzero akava nehupenyu uhwu hwakanangiswa pana Kristu ndechekuti iye, pazvima, zvino achiisa parutivi dzidziso yake, akasangana naKristu pazvima.

⁸⁹ Uye ndiye nzira chete yauchazomboMuziva nayo, kusangana naYe. Maona? Zvino, “KuMuziva ndihwo Hupenyu,” kwete kunyangwe kutomboziva Shoko raKe, nekunaka kwaRingave riri. Asi, unofanira kuMuziva. “KuMuziva ndihwo Hupenyu.”

⁹⁰ Uye Pauro akanga asati asangana nechitiko ichi. Uye akati, pane imwe nzvimbo pano, “Hupenyu hwandave kurarama zvino...” Zvakaratidza kuti akanga amborarama humwe hupenyu hwakasiyana, imwe nguva. Hupenyu hwake hwakanga hwashandurwa.

⁹¹ Zvino kana hupenyu hwako hwashandurwa, hunokuita kuti uite zvinhu zvausingawanzoitika. Uye, hunokuita kuti utaure zvinhu zvausingawanzotaura, munhu ane hupenyu hwakanangiswa pana Kristu.

⁹² Handiti, Pauro akamira pakati chaipo pevanhu vacho, maJudha iwayo, nevamwe vakadaro. Aiva... kadodzi kamwe kekutya paari. Aiziva Waakatenda. Uye iye—iye aiva nehu—hupenyu hwekuti angadai asina kuzombozviita zvachose, dai ainge asina kuwana chimwe chinhu chaive chechokwadi uye chikamusungirira pahoko.

⁹³ Ndinofunga kuti, chero Mukristu upi zvake anofanira kuva saizvozvo, mutendi wese. Haufanire zvachose... Ini ndinofunga, kunyanya, vashumiri havafanire kumboedza kuenda papurupiti kusvikira vasangana naMwari pajecha iro rinoyera uko kusina kana muzvina zivo anokwanisa kuRitsanangura zvisizvo. Wakasangana naMwari, uye unozviziva, uye hapana chinokwanisa kuRivanza kubva kwauri.

⁹⁴ Zvino, tine nguva dzatinowana dzidzo huru, uye hapana chandinopesana nazvo. Zvakanaka. Asi, zvese izvozvo zvakanaka. Asi iwe, pachako, unofanira kusangana naMwari, panzvimbo yekuti hapana munhu anogona kumonyorora chero Magwaro api zvawo. Wakanga uripo. Iwe, ndiwe wakasangana naYe. Wakava nechitiko chazvo. UnoMuziva. Maona?

⁹⁵ Ndinofunga kuti, mushumiri wese, kunyanya, nemutendi wese, anofanira—anofanira kutora nzvimbo ino, chinzvimbo chino, chokuti asangane naKristu kutanga, pazvima. Uye zvinokuita kuti uite zvinhu, se—sezvandataura, zvausingawanzoitika. Zvinokuita kuti utaure zvinhu zvausingawanzotaura. Asi zvakanaka, Ndechimwe chinhu chawakanangiswa pachiri, kana chawakasungirirwa pachiri. Ndechimwe chinhu chaunoziva, saPauro, kuti wa—wakasangana nechimwe chinhu chakanga chakasiyana nechawakamboona muhupenyu hwako. Maona?

⁹⁶ Zvakangofanana nechikepe. Maona? Chikepe chine—chine mhedziso, uye mhedziso yechikepe ichocho ndiyo hoko.

⁹⁷ Zvino, kana chikepe ichocho chiri mumvura dziri kugabha-gabha, apo pachinogona kukandwa padombo nyore-nyore, kana—kana kuputitswa; kana kurovera pasi, apo mvu—mvura inenge isina kudzika zvakakwana; uye mafungu makuru, achiuyapo, achafukidza chikepe, ochipidigura.

⁹⁸ Chinofanira kuva nemvura yakadzika zvakakwana yekuti chiyangarare, kana kuti mafungu achachipidigura. Uye—uye chikepe chine hoko, matani makuru aya, akasimba e—esimbi achinodondhedza panze, esimbi. Zvino inodzika pasi, zasi, kusvikira yaro va pamusoro pepasi penyanza, pane imwe nzvimbo pamusoro pegomo. Uye hoko huru iyoyo inodhonza, apo mafungu anozunguza chikepe, kusvika yaro vera mazipfumo ayo makuru mudombo. Uye, ipapo, chikepe chine mhedziso. Chakasungirirwa pahoko. Mafungu anogona kuchitomutsa—tomutsa, asi, zvakadaro, chikepe ichocho chinogona kumira chakangonyatsodzika zvacho, pachakasungirirwa pahoko, nekuti ndiyo imhedziso kwachiri.

⁹⁹ Zvino kana Kristu ari Mhedziso yako, wakasungirirwa kwaAri nenzira iyoyo, zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudii, zvisinei kuti kutambudzwa kwacho kwakaoma sei, zvisinei kuti dutu racho rinoita serakaipa sei, zvisinei kuti—kuti zvinoita sezvisingagoneke sei kuti zviitike. Kana chimwe chinhu chikaitika mauri, kuti, Kristu anova Mhedziso yako, kana vimbiso ipi zvayo iri muBhaibheri inobva yava mhedziso yako. Kana uchirwara, uye—uye uri kunamatira kupodzwa, uye chimwe chinhu chosvika kune izvozvo, chorova vimbiso iyoyo muBhaibheri, “Ndazvibata,” hapana chichakuzunguza kubva paIri.

¹⁰⁰ Munorangarira nyaya here maminiti mashoma apfuura, yemudzimai mudiki uya? Chiratidzo ichocho ndicho chakanga chiri mhedziso yake. Akaziva kuti zvakanga zvisati zvambokundika, saka yakanga iri mhedziso yake. Kana akagona kuita kuti Mwari vapindure voti “Zvaperera,” zvisinei kuti chiremba ati kudii, yakanga iri mhedziso. Yakanga yakanyatsodzika hoko.

¹⁰¹ Uye murume kana mukadzi, anongori mune zvekushandisa pfungwa kana kuti akangojoina chechi, kana chimwe chinhu chakadaro, hausati wasungirirwa pahoko nazvino. Iwe, waizatora tsamba yako kubva kune imwe chechi uchienda kune imwe, kubva pane imwe nzvimbo kuenda kune imwe. Asi kana ukangatora Mhedziso chaiyo, Kristu, chizvisungirira paIri. Hazvina mutsauko wazvinoita kuti chii chinouya kana kuenda, unenge uchakasungirirwa pahoko.

¹⁰² Uye zvinodiwa neMukristu nhasi, muzera rino reatomiki, nenguva ino yekusagadzika, unoda chimwe chinhu kunze kwechiitiko chekujoinha chechi. Unoda hoko, mhedziso, yaunoziva. Nokuti, machechi achakundika, uye vanhu

vachakundika. Asi Kristu haagoni kukundika. Iye, ndiYe—ndiYe Mhedziso kumutendi. Zvino kana Kristu ari Mhedziso yako, wakasungirirwa kwaAri. Uye kana Ari Mhedziso yako, uye wakasungirirwa kwaAri, zvino wakasungirirwa kuShoko.

¹⁰³ Zvino, zvino, iZvi zvinotaura kana tine mhedziso chaiyo kana kuti kwete. Maona?

¹⁰⁴ Kana muchikwanisa kuverenga muGwaro iroro chimwe chinhu icho Kristu akagadza kana kuti akatiraira kuti tiite, uye nekuda kwekushonyorora, kana mumwe munhu akakuudza kuti Zvaive zvevadzidzi kana mumwe munhu, uye wobva warega kubatirira pane Izvozvo, saka Kristu haasi iye Mhedziso yako. Munhu iyeye akakutungamirira kubva muNzira ndiye mhedziso yako.

¹⁰⁵ Asi kana Shoko iroro, Kristu, akaramba akabata, munoona, zvino ndiYe Mhedziso yako. Hatifanire kurega chero chinhu chichitibvisa munzira yeShoko. Maona?

¹⁰⁶ Vamwe vavo, nhasi, zvichatowedzera kupfuura kare, apo mazuva achifamba, kuti tichaona vanhu vane ichi, sezvakataurwa naJesu, “Chimiro chehumwari.” Uye chingori chi—chimiro chazviri kuuya machiri. Takava nacho mumaMethodisti nemaBaptisti, nevamwe vakadaro, kwemakore, uye zvino chakaverevedza chichipinda mumaPentekosti. Uye zvishoma . . .

¹⁰⁷ Mwari pavakapa munhu Mweya Mutsvene, Vakamuisa aine chiso chake chakatarisa kuKarivhari, uye neShoko riri pamberi pake.

¹⁰⁸ Zvino, midzi midiki ichasimuka kubva pamugwagwa mukuru iwoyo, yopinda yomonerera nekumonerera pamuti iwoyo, uye wofunga kuti haina kana mhosva. Asi, chinhu chekutanga munoziva, ine kumwe kubata kwakasimba pauri kusvika yakukwevera munzira isiriyo, zvoita kuti urerekere nenzira isiriyo.

¹⁰⁹ Uye ndizvo zvakaitawo zvekushandisa pfungwa nezvinhu zvakapinda pakati pedu, kusvika zvatanga kutikwevera kunyika. Iwe tora Munondo waMwari unopinza unocheka nekumativi maviri wobva wacheka uchisununguka kubva pazvinhu zvese, uye wonyatsogara paShoko iroro, nekuti ndiRo Musimboti. Ndiyo Mhedziso, kumutendi wose.

¹¹⁰ Uye kana murume kana mudzimai akazadzwa neMweya Mutsvene, moyo wako uri mauri unotsigira vimbiso yose yaMwari ne “ameni.” Ndizvozvo.

¹¹¹ Zvino, kana mumwe munhu akakuudza, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodza kwaMwari. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakanga rwuri rwerimwe zera.”

¹¹² Uye ipapo wovhura muBhaibheri woverenga apo Petro akati, paZuva rePentekosti, pavakabayiwa vese mumwoyo mavo. Zvino vakati kwaari, “Varume hama, toita sei? Toita sei kuti tiponeswe?”

¹¹³ Zvino, dai kujoinha chechi kwaiva zvaakataura, aizoti, “Unofanira kuwana bo—boka uye—uye wojoinha chechi.” Saka, munoona, pakanga paine zvokuti...pakanga pasina chinhu chakadaro muzuva iroro.

¹¹⁴ Saka akavapa chairo gwaro rachiremba remushonga rezvazvinotora. Akavaudza zvavanofanira kuita, uye kuti zvaizosvika papi. Akati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.”

¹¹⁵ Zvino kure zvakadini? Jesu akati, muna Marko 16, “Endai munyika yose muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Maona? Kusvika kupi? “Nyika yose, kuzvisikwa zvose,” Evhangeri iyi. “Uye zviratidzo izvi zvichatevera wese anotenda: muZita raNgu vachadzinga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka kana kunwa zvinouraya, hazvingavakuvadzi; vachaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.”

¹¹⁶ Zvino, munoona, unofanira kuwana mhedziso iyoyo, chimwe chinhu ichocho chechokwadi, chinokubatanidza naKristu neShoko raKe. Hongu. Shoko ndiKristu. Uye unofanira kuva nechokwadi chekuti unogona kuti “ameni” kuShoko iroro, kana kuti mhedziso yako yakatsveyama.

¹¹⁷ Wakazvivakira pane chimwe chitendwa. Unoti, “Oo, ndinotenda Kristu, asi handitendi Zvinhu izvozvo. Ndi—ndinotenda Kristu, asi handitende *iZvi*.” Zvino mhedziso yako handiyo. Mhedziso yako iri mune chimwe chitendwa, uye kwete muna Kristu, nokuti Kristu iShoko.

Akafananawo nenyeredzi yekumaodzanyemba, ndizvo zvaAri, kumunhu arasika.

¹¹⁸ Zvino, ndinovhima pasi rose. Uye ndakanga ndiri mu—murenje. Uye dzimwe nguva, imwe yakanakisisa...Kana ukakwanisa kutarisa kumusoro uye uchiziva kwacho kune nyeredzi yekumaodzanyemba, inokutungamirira ukabuda. Uye mu—mu—munhu mugungwa, uye kana a—arasika, kana akangokwanisa kuwana nyeredzi yokumaodzanyemba, anogona kuzvitungamira ipapo kwacho kwaari kuenda. Zvino, ipapo paanenge akarasika, anotsvaga nyeredzi yekumaodzanyemba. Zvino, dzimwe nyeredzi dzinofamba, asi nyeredzi yekumaodzanyemba iyoyo inogara pakati penyika chaipo. Zvisinei kuti nyika iri kutenderera nekupi, nyeredzi yekumaodzanyemba iyoyo inoramba yakadaro.

Inonongedza yakananga kumaodzanyemba. Ndinonzwisisa kuti, ndiyo nyeredzi yechokwadi chete, yatinayo, ndiyo nyeredzi yekumusoro kumaodzanyemba chaiko. Zvino, i—inokupa kwokuenda nako.

¹¹⁹ Uye ndizvo zviri Kristu kwauri. Kana uchida kuenda Kudenga, kana uchida kuponeswa, kana uchida kuzadzwa neMweya, kana uchida kuva saKristu, Kristu ndiye Nyeredzi yako yeKumaodzanyemba. Kana wakarasika, usaedza kutora chitendwa. Ndiye Nyeredzi yako yeKumaodzanyemba. Ndiye Nzira yako. Ndiye kwacho Kwekuenda nako.

¹²⁰ Zvino, kana iwe—kana iwe ukaMutora seNyeredzi yako yeKumaodzanyemba, zvino izvozvo zvinonyatsoita Mweya Mutsvene Kambasi yako. Amen. Mweya Mutsvene ndiwo Kambasi yako, uye Kambasi inogonongedzera chete kuNyeredzi yeKumaodzanyemba. Uye kana uine rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwunogona bedzi kunongedzera kuna Kristu, uye Kristu iShoko. Ndiwo maitiro ekuwana nzira yako yekudzoka nayo. Maona?

¹²¹ Haugone kutarisa kumusoro *kuno* woti, “*Iyi* iri kupenya. Nyeredzi *iyi* inopenya pano.” Uye mushure mechinguva yave kune imwewo nzvimbo. Maona? Unofanira kusvika pane imwe nzvimbo payakanyatsomira zvemazvirokwazvo.

¹²² Zvino, Kristu zvaari Nyeredzi yeKumaodzanyemba, uye Kambasi inogara yakanongedzera nenzira iyoyo. Uye kana wakaponeswa chaizvo, chaizvoizvo, nzira chete yaunogona kuponeswa nayo kubudikidza naKristu. Uye Mweya Mutsvene, uri iwo Kambasi yako, unokutungamira wakananga kuShoko chaiko. Munooni zvandiri kureva? Zvino, zvakaisvonaka kwazvo! Uye Shoko naKristu ndeMumwe. Vese vari Vaviri vangori mumwe, mumwe chete. “Pakutanga,” Mutsvene Johane 1, “Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Kana Ari Nyeredzi yako yeKumaodzanyemba, zvino Anobva ava Mhedziso yako.

¹²³ Ino inzira yakareba yekutenderera, pane zvandinoda kutaura. Asi muchazvinzwisira, zvichida, zvandiri kuedza kuunza kwamuri.

¹²⁴ Panofanira kuva nemhedziso muhupenyu hwako. Unofanira kuva nayo pane imwe nzvimbo, uye mumwe nemumwe wenyu ane imwe. Haugone kuenderera mberi usina imwe. Unofanira kuva nemhedziso.

¹²⁵ Paiva neimwe nguva apo mumwe mu—mudzimai, shoko rake—rake pamusoro petsika dzepatafura, ndiro raive mhedziso muAmerica. Ndinofunga kuti zita rake rainzi Emily Post, kana ndisiri kukanganisa. Uye chero chipi chaaitaura nezvetsika dzepatafura, kana akati unofanira kudya nerako...unodya pizi dzako neba—neba, izvozvo, ndizvo zvaive—ndizvo

zvazvaizove. Ndzivo zvazvaizove. Uye sei? Uye kana akati kudya huku, waingoinhonga mu—mumaoko ako woidya, zvisinei kuti chero munhu aikutarisa zvakadini, wakanga uri mugwara chairo, munoono, nokuti ndiyo yakanga iri mhedziso. Ndiye akanga ari mhedziso yetrika dzepatafura. Ndzivozvo. Chero zvaitaurwa nemudzimai iyeye, ndizvo zvazvaive.

126 Paiva neimwe nguva apo, Germany, apo Adolf Hitler akanga ari mhedziso muGermany. Zvisinei nokuti ndiyani aiti chii, Hitler ndiye aive shoko rekupedzisira. Zvataurwa naHitler, zvaifanira kuitwa. Ndiyo yaive nzira yake yekuzviita nayo. Uye zvisinei kuti vamwe vose vakafungei pamusoro pazvo, Hitler akanga ari shoko rokupedzisira. Akanga ari mhedziso.

Pakave neimwe nguva apo Mussolini aive mhedziso yeRome.

¹²⁷ Pakava neimwe nguva apo Farao akanga ari mhedziso yeEgipita. Chero zvataurwa naFarao, zvaitofanira kuitwa.

128 Asi, munoono, dzose idzodzo dzakanga dziri mhando dzakaipa dzemhedziso chaidzo. Dzakakundika, imwe neimwe yadzo. Ndakamira muEgypt, nguva pfupi yapfuura, ndainge ndichifunga nezvenguva iyo vanaFarao vakagara pazvigarozvavo zvehumambo. Uye, munoziva, unotofanira kuchera pasi mafiti 20 muvhu kuti uwane pakanga paine zvigarozvavo zvehushu. Maona? Oo, ingava mhedziso yakadini iyoyo! Yakaparara uye haichisipo. Uye vanhu vakavimba nemhando iyoyo yemhedziso, vakaparara nayo, uye vakatungamira. Sei? Yaive yakagadzirwa nevanhu, uye chero chipi chakagadzirwa nemunhu chichaparara pamwe chete nemunhu.

¹²⁹ Asi pane mhedziso isingaparari. Ndiro Shoko raMwari reKusingaperi. Harimbofi rakaparara. Unofanira kugara naRo.

130 Zvino, zvino, tinocherechedza kuti—kuti tine mhedziso pano. Tinoenda kunze kuno uye totongwa padare. Uye unopinda mudambudziko kunze kuno, uye wobva watongwa padare muno muguta. Vanogona kukuendesa nemune mamwe matare, nezvimwe zvakadaro. Unogona pakupedzisira kuuya kuDare Repamusoro-soro. Asi sarudzo yeDare Repamusoro-soro ndiyo mhedziso. Ndiko kuguma kwekutongwa kwemhosva. Ndiko kumberi kwaunogona kugumira. Ndiro dare rekupedzisira, iDare Repamusoro-soro, uye ndiro mhedziso.

¹³¹ Zvino, dzimwe nguva hatibvumirane navo, uye—uye, kana kuti hatifarire sarudzo dzavo. Asi, zvakadaro, ndiyo mhedziso nokuti nyika yakasungirirwa kwairi, munooni, zvinotaurwa neDare Repamusoro-soro. Zvisinei nekuti ndikati vakanganisa; izvozvo hazvireve kuti zvakanganiswa. Munyika ino, vari raiti. Chero zviri sarudzo yavo, iri raiti. Mhedziso, tinofanira kuva nayo. Dai painge pasina, pane imwe nzvimbo, kutongwa kwemhosva kwacho hakwaimbofa kwakapera. Asi panofanira kuva neimwe nzvimbo iyo kutongwa kwacho kunosangana nemagumo ako, zvino ndeumo muDare Repamusoro-soro.

Chero ani zvake anozviziva izvozvo. Zvatopera kana zvapinda nemuDare Repamusoro-soro. Vanoita sarudzo, zvopedza nyaya yacho. Ndizvo zvoga. Hapana kumwezve kwaunogona kuenda nekuti ndiro dare ravo repamusoro-soro. Pane... Panofanira kuva nemhedziso, panofanira kuva nemhedziso mudare redzimhosva.

¹³² Tinofanira kuva nemhedziso pamutambo webhora. Manga muchizviziva here? Mutambo webhora haugone kushanda usina mhedziso, zvino ndiye refuri. Zvino, dzimwe nguva isu—isu hatifarire sarudzo dzake, asi ndiyo—ndiyo—ndiyo mhedziso. Ndiye mhedziso, zvakadaro. Kana... Zvisinei, kana tichida kutaura, uye vamwe vachitaura, kuti—kuti changa chiri chibodzwa, kana kuti ranga riri bhora rapotsa; zvino akati chibodzwa, ndizvo zvazviri. Usakakavadzane naye. Aripo ipapo. Ndiye mhedziso mumutambo iwoyo webhora. Nokuti, kana akati, “Chibodzwa,” unogona kukakavara, unogona kukandira ngowani yako kunze uko, uye wozvipikisa, asi chibodzwa, zvakadaro. Amen. Zvino ngatimbofungi kwechinguvana. Ko dai panga pasina refuri mumutambo? Kungave kupopotedzana kwemhandoi? Yaizova nyonganyonga. Iwe—iwe haugone kutamba mutambo usina mhedziso mauri. Mitambo inofanira kuva nemhedziso.

¹³³ Uye kana mitambo ichifanira kuva nemhedziso, ko hupenyu? Hunofanira kuva nenzvimbo yekuzororera. Uye munhu wese anofa ari pano, masikati ano, ane mhedziso yake kune imwe nzvimbo, musimbotti wako, ndiro shoko rekupedzisira.

¹³⁴ Cherechedzai, paizova negakava nezvose pamutambo uyu webhora. Zvese zvaizoperera munyonganyonga.

¹³⁵ Munoziva, robhoti dzvuku imhedziso kune mota pamugwagwa. Asi ko kana robhoti dzvuku risingashande? Ko kana robhoti dzvuku rakadzima paunosvika ipapo? Mumwe anoti, “Nda—nda—ndasvika pano kutanga.” Mumwe wacho oti, “Ndiri muchimbi-chimbi kuti ndiende kubasa.” Taura nezvekusungana kwemotokari!

¹³⁶ Zvakada kuita sezviri dambudziko remachechi edu nezvimwe. Kuungana kukuru! Robhoti dzvuku rinofanira kunge radzima, pane imwe nzvimbo.

¹³⁷ Oo, kupopotedzana nekukakavadzana, handiti, haungambozvigadzirise. Panofanira kunge paine chimwe chinhu ipapo, chinoti, “*Iwe* enda, uye *iwe* mira,” nezvimwe zvakadaro, kana kuti tose taizovhiringidzika.

¹³⁸ Saka, zvino, mukutenda kwedu, mumasangano edu 600 neanoraudzira akasiyana-siyana, hongu, ndinofunga kuti i 900 zvino, e—emasangano akasiyana-siyana, panofanira kuva nemhedziso pane imwe nzvimbo. Kana Katorike iri raiti, maProtestanti ari kukanganisa. Kana Methodist iri raiti, Baptist iri kukanganisa. Kana Pentekosti iri raiti, zvino vamwe

vose vari kukanganisa. Uye—uye panofanira kuva nechimwe chinhu pane imwe nzvimbo. Uye uchazozviisa panheyo sei, kana ukasatora Mhedziso yaMwari? Ndiye Kristu.

¹³⁹ Zvino Jesu akati, muna Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.” Ichokwadi chemazvirokwazvo kuti Kristu akazvivimbisa izvozvo. IShoko raKe. Tinofanira kuzvitenda. Akati, “Iye...”

¹⁴⁰ Muna Mutsvene Johane, chitsauko 5, ndima 24, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, Mashoko aNgu, uye achitenda kune iYe akaNdituma ane Hupenyu husingaperi, uye haangapindi muKutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Ndiyo mhedziso. Ndizvozvo. Zvino, kwete uyo anotenda zvekabanga, asi, “Uyo anotenda.” Maona?

¹⁴¹ Zvino, tinofanira kuva nemhedziso, uye ndiYe Mhedziso yacho. Uye iYe neShoko raKe zvimwe chete. Hatigoni kuvapatsanura. Hongu.

¹⁴² Kana robhoti dzvuku rakadzima, tinozova nekusungana kwemotokari, oo, ini zvangu, kwakanyatsoipa, zvakare. Panofanira kuva nemhedziso.

¹⁴³ Uye saka, munoziva, zvasvika pakudaro nhasi, zvisinei, dambudziko razvo nderekuti, ndeizvo zvakapinda mukusungana kwemota kukuru kwazvo uku kwatiri makuri. Zvinoita senzira ine kuvirima yekuzviratidza nayo, asi zvakadaro munoziva zvandiri kuedza kutura.

¹⁴⁴ Cherechedzai. Chikonzero takapinda imomo ndechekuti mumwe nemumwe wedu tinozviitira mhedziso yedu pachedu. Maona? Tine mhedziso yedu pachedu. Chechi imwe neimwe ine mhedziso yayo. Boka rimwe nerimwe rine mhedziso yaro. Uye vanoti, rimwe nerimwe rawo, rakati, “Ndisu Chokwadi, nzira yacho. TinaCho chose. Hamunei nechekuita naCho. Muri vashoma. Isu, ndisu boka gura.” Uye vanhu vanoita izvozvo. Ndizvo... Hamufanire kuita izvozvo.

¹⁴⁵ Kusvikira, zvakada kufanana nezvazvaiva, mazuva eVatongi, apo, “munhu wose anoita zvaanoona kuti zvakarurama.” Maona? Anofunga, mumaonero ake, anozviita. Asi, ivo, haugone kuzviita. Kune nzira dzakawandisa dzakasiyana-siyana. Maona? Uye chaizvoizvo panongori neNzira imwe chete bedzi, uye Kristu ndiye Nzira yacho. Uye Kristu neShoko raKe chinhu chimwe chete. Zvino, munooona, unofanira kuva nechimwe Chinhu chatinogona kuuya kwachiri toti, “Ichi ndiCho,” uye Chinogona kuratidzwa kuti ndiCho, ndizvo zvaChiri, munooona, iYe.

¹⁴⁶ Mumazuva evatongi, chikonzero munhu wese aiita mumaonero ake zvaafunga kuti ndizvo zvaive zvakanaka, imhaka yokuti, mumazuva iwayo, “Shoko raMwari rainge rakakosha. Vakanga vasinaRo.” Uye, vaporofita, pakanga pasina. Pakanga pasina vaporofita mumazuva iwayo, kuti

vamire kuShoko uye vatungamirire Israeri. Saka, Shoko rakanga risingauyi, saka munhu wese akaita zvaafunga kuti ndizvo zvakanaka pamaonero ake.

¹⁴⁷ Uye ndipo pakada kunge patasvika zvakare nhasi, hama. Maona? Munhu wese pamaonero ake, anoti, “Saka, zvino, kana ndichida kutora mutemo wakakosha! Kana ndichida kuita *izvi*, kana chimwe chinamoto! Ndi—ndi—ndinotenda, chinamoto changu, kuita *zvakati-nezvakati*.” Uye u—unozviwana izvozvo. Munhu wese anozviwana izvozvo.

¹⁴⁸ Vanofunga kuti, “Zvino, ndi—ndinoenda kuSunday school mangwanani eSvondo. Ndakangonaka semumwe munhu wese.” Saka, izvozvo, zvakanaka. Unogona kuramba uchienda, uchienda kuSunday school uye—uye wova wakanaka, zvakanaka. Asi kana usina chimwe chinhu chinoti pfuurirei zvishoma pane kuenda kuSunday school!

¹⁴⁹ Mumwe munhu akati, “Ndinochengeta mirairo ine gumi.” Mumwe anochengeta zuva resabata. Mumwe anoita chimwewo chinhu. Uye, kusvikira, tangova panzvimbo pokuti munhu wese anofunga, saka, vanongoita zvavanofunga kuti ndizvo zvakanaka. Asi izvozvo hazvizviite kuti zvive zvakanaka. Kwete nekure kwazvo, hazvidaro. Tichazviona mumaminitsi mashoma anotevera, munoono, kuti hazvizviite kuti zvive zvakanaka.

Mwari vane nzira.

¹⁵⁰ Bhaibheri rakati, “Pane nzira inoita seyakanaka kumunhu, asi magumo ayo inzira dzerufu.” Uye hapana anoda kufa. Kunova kupatsanurwa. Hatidi kupatsanurwa kubva kuna Mwari. Uye hatidi...

¹⁵¹ Tinoda kurarama. Hupenyu ndihwo pfuma hurusa iyo—iyo munhu anogona kuva nayo. Uye zvino tinofanira kuona kuti Hupenyu chii. Uye Akati, “Shoko raNgu Hupenyu.” Ndhwo Hupenyu hwaunofanira kuva nahwo, Shoko richirarama mauri.

¹⁵² Zvino tarisai. Ndakaona izvi pandaive ndichangotendeuka, pandaiva ndingori mukomana. Ndakazviona. Uye ndakaziva kuti ndaida mhedziso. Saka ndakaverenga Shoko raMwari, ndikaona kuti Shoko iri rakanga riri Kristu. Uye ini—ini ndaida iRoro seMhedziso yangu. Saka ndakaMutora paShoko raKe. Zvino ndakaMunzwa achiti, iMomo, “Kana uchigara maNdiri, uye Mashoko aNgu achigara mauri, unogona kukumbira zvaunoda uye uchazvipiwa.” Zvino, ivimbiso yakadini!

¹⁵³ Zvino, tiri papi nhasi, hama? Tiri papi? “Kana muchigara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, zvino munogona kukumbira zvamunoda uye muchazviitirwa.” Zvino, iRoro, iShoko raKristu pachaKe. Asi, chii? Shoko rinofanira kugara mamuri. “Kana muchigara maNdiri, muna Kristu, uye Shoko raNgu riri mamuri.” Zvino, tinopinda sei muna Kristu? Nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvino, ndicho chikamu chimwe chete. Asi, zvino, “Kana muchigara maNdiri, uye

zvakare Mashoko aNgu achigara mamuri, zvino munogona kukumbira zvamunoda.” Asi unofanira kuva nazvo zvole, Kristu neShoko. Uye chaizvoizvo haugone kuva neChimwe usina Chimwe chacho, ndizvozvo, nokuti Chingori chinhu Chimwe chete.

¹⁵⁴ Haugone kuva naBaba usina Mwanakomana. Haugone kuva neMwanakomana usina Mweya Mutsvene. Mweya mumwe chete pachezvaWo.

¹⁵⁵ Saka, zvino, unoona, iwe—iwe haugone—haugone kuzviita neimwewo nzira isiri kutora Mhedziso yakapihwa naMwari yehupenyu hwedu. Zvino ndakasungirirwa kwaAri, neShoko raKe. Ndiye Mhedziso yangu. Uye ndakaona kuti zvakanaka uye zvakakosha ku—kurarama naYe.

¹⁵⁶ Zvino, machechi mazhinji...Regai nditaure pamusoro pemhedziso. Kuchechi yeKatorike, papa ndiye mhedziso yavo. Uye zvisinei kuti chii chinouya, chii chinoenda, zvinotaurwa nemumwe munhu, zvinotaurwa neBhaibheri, izvozvo hazvina zvazvinoreva.

¹⁵⁷ Ndakava nehurukuro kasiri kare nemuprisita. Akauya kuzondibvunza pamusoro...Ndakabhabhatidza mumwe musikana wechidiki. Zvino akange aroorwa nemukomana muKatorike, akanga ava kuita muKatorike. Zvino akandibvunza kuti ndakamubhabhatidza sei, zvino ndakamuudza. Zvino takatanga kutaura nezvazvo. Zvino akati, “Munoziva, chechi yekatorike yaimbobhabhatidza nekunyudza mumvura, saizvozvo.”

Ndikati, “Riinh?”

Zvino akati, “Kare munguva yeBhaibheri.”

¹⁵⁸ Ndikati, “Munoreva here kuti munotenda kuti Makristu epakutanga, saPetro, Jakobho, naJohane, nevamwe, vaiva makatorike?”

Akati, “Vaive.”

¹⁵⁹ Ndikati, “Saka ndiri mukatorike kupfuura zvamuri.” Ndikati, “Ndiri mukatorike wechinyakare, munoona, kwete uyo ano—anotora maitiro matsva echinhu chavanoita nhasi, uye vochiti chinamato.”

¹⁶⁰ “Saka,” akati, “munoona, Mwari vakapa simba raVo kuna Petro, uye—uye ndiyo chechi yacho. Uye... Mwari vari muchechi yaVo.”

¹⁶¹ Ndikati, “Hapana Gwaro muBhaibheri, rinotaura kudaro. Hapana vimbiso inozvitaure. Bhaibheri rakati, ‘Mwari vari muShoko.’ Ndizvozvo.

¹⁶² Mwari vari muShoko. Shoko nderechokwadi. Uye ndakaona imomo muBhaibheri paRakataura, kuti, “Ani naani achawedzera shoko rimwe kwaRiri, kana kubvisa

Shoko rimwe kubva maRiri, mumwe chete iyeye achabviswa, chikamu chake, kubva muBhuku reHupenyu.” Zvino, ndakaziva kuti yakanga iri Mhedziso, yokuti Shoko iroro harigoni kushanduka, saka ndakaRigamuchira. Ndakati, “Zvino, Ishe, regai ndiRivanze mumoyo mangu, kuti ndiRichengete uye ndive neruremekedzo naRo. Uye chero zvaRiri, ndichafamba, uye iMi nditungamirireiwo.” Zvino Rakanga riri Mhedziso yangu.

¹⁶³ Zvino, kucheche yechiProtestanti, kazhinji, mudiocese, shoko rabhishopi, kunyangwe richipesana neShoko raMwari, rinova mhedziso kuboka iroro reMakristu. Zvisinei kuti Shoko rinoti kudii, kana bhishopi akataura *kudaro*, zvatoringana, achibhishopi weCanterbury. Zvisinei kuti, va—vanhu veChirungu vanoenda kucheche iyi yeAnglican, zvisinei kuti vangafungei, kana achibhishopi akataura *chimwe* chinhu, ndizvozvo.

“Aa,” unoti, “zvakaipa kwazvo.”

¹⁶⁴ Asi, munoziva, zvino, mirai zvishoma. Tinogona kudzika chaiko kumusha kuPentekosti kana muchida. Unogona zvechokwadi. Asi ini—ndiri kungotarisa kuti muchasvika padivi moona zvandinoreva. Maona?

¹⁶⁵ Unoti, “Heino hama yakazadzwa neMweya Mutsvene, uye, ivo, Ishe vari kufamba naye.”

¹⁶⁶ “Zvinoka, enda unobvunza mukuru wedunhu kana tichikwanisa, kutanga, kana tichikwanisa kumuwana. Akatakura kadhi remhandoi?” Munooni, ndiyo mhedziso zvino kucheche iyoyo. Ndizvozvo. Tinogona kuti “ameni” pamusoro pemaKatorike uye nepamusoro pe—pe—pePresbyteriani, nevamwe vakadaro, asi ko—ko kana zvasvika kumba? Maona? Tine . . . tine mhedziso yenhema.

¹⁶⁷ Hapana chiri pamusoro muBhaibheri, muchechi, kupfuura mukuru wechечи iyoyo. Ichechi inozvitonga, uye Mweya Mutsvene unoshanda nechero nzira yaUnoda. Unogara pakati pevanhu vaWo.

¹⁶⁸ Asi tine imwe mhedziso, mumwe mutariri mukuru pane imwe nzvimbo, anotiudza zvatinogona kuita. Uye kana zvisingaenderane nezvavanofunga, kana chimwe chinhu chakadaro, zvino, “Hazvisizvo. Hazvisi zvaMwari.” Oo, ini zvangu! Chinhu chakaipa kwazvo! Idambudziko rakadini ratakapinda mariri! Ndosaka tiri kunze kuno tichichemera rumutsiriro. Uye denga rakazara nesimba rePentekosti, uye hatikwanise kusvika kwariri. Ndizvozvo. Imhaka yekuti takaramba Mhedziso yaMwari. Ndizvozvo.

¹⁶⁹ Chizaruro chaKristu, “Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde.” IMhedziso. Uye Shoko raMwari ndiro Mhedziso yaVo. “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga ndivo

vazarura izvi kwauri. Uye pamusoro pedombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu.” Maona? Mhedziso chaiyo!

¹⁷⁰ Asi, munoono, tinotora chimwewo chinhu semhedziso. Kana sangano redu richitaura richipesana neShoko, zvadaro unotora shoko resangano pamusoro pazvo. Haufanire kuzviita. Ndiri kuedza kuzvijekesa pachangu, pane zvandinotenda. Uye ndiri... Pakuvharwa kwemusangano uno, ndiri kuedza kukuudzai chikonzero ndaita uye nokutaura zvinhu zvandakaita, nekuti kare-kare ndakatora Kristu seMhedziso yangu.

¹⁷¹ Chechi yekutanga yandakajoinha yaive chechi yeBaptisti, uye ndinoda hama idzodzo. Dzaive dzakanaka. Asi, pazvakasvika panzvimbo yandaifanira kuita chimwe chinhu chaipesana neGwaro iri, Shoko raMwari ndiro raiva rokutanga, nokuti ndakanga ndakasungirirwa kuShoko iroro. Ndizvozvo. Handina chandinopesana... Apo Chiremba Davis pavakauya kwandiri vachida kuti ndiite chimwe chinhu ipapo chaive chisiri mumagwaro zvachose, zvino ndakaenda nacho kwavari, vakati, “Zvakanga zviriv zverimwe zera, kwete zverino.”

¹⁷² Ndikati, “Ndakasungirirwa kuShoko. ‘Shoko remunhu wese ngarive renhema, uye raNgu rive Chokwadi.’”

¹⁷³ Ndiyo yaive Mhedziso yangu. Uye kubva... Ava makore 30 akapfuura, kana kupfuura, uye ndichiri paShoko rimwe chete iroro. Uye ndipo pandinoda kugara nokufira, iYoyo zvairi Mhedziso yangu. Pachinhano ichocho ndakagamuchira Kristu.

¹⁷⁴ Uye zvino, hazvisi nekuti unoda kuva wakasiyana. Kwete nekuti... Nekuti, vhiki rino, ndataura zvinhu zvinorwadza zvikuru. Uye kana ndakazviita kuti ndingova ndakasiyana, zvadaro ndinofanira kuenda kuMhedziso, ini... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ndi—ndinoda ku—kutendeuka paartari. Asi ko mungandidana sei kuti nditendeuke, asi ndakakuudzai Chokwadi? Ndizvozvo chaizvo. Uye Mwari vakazvitsigira uye vakaratidza kuti chaive Chokwadi, neShoko, uye Shoko richirarama. Maona? Ndicho chokwadi chaicho.

¹⁷⁵ Zvino, ndicho chikonzero chandakataura, nekuita zvinhu zvandinoina. Zvinogona kupesana nemasangano edu akasiyana-siyana nehurongwa. Hazvisi nekuti ndinoda kumira nerimwe divi, kana kumira nerimwe divi racho. Nekuti, ndakazvipira zvizere kune chinhu chimwe chete.

¹⁷⁶ Pandakaponeswa, kana kuti Kristu akatanga kushanda mumoyo mangu, ndakaenda zasi kuchechi yeKatorike, nokuti vanhu vangu, maIrish nemaKatorike. Uye ndakacherechedza matauriro aakazviita; zvaisanzwika zvakanaka. Uye ndaibva pane imwe nzvimbo ndichienda pane imwe nzvimbo. Zvino pakupedzisira, akati, “Mwari vari muchechi yaVo.”

¹⁷⁷ Saka, kana Mwari vari muchechi yaVo, ichechi ipi yacho? Heino...Zvino, vanoti, “I—ichechi yedu.” Zvakanaka, ndeipi yacho yechechi dzeKatorike? Rangarirai, dzose dzakaparadzana, zvakare. Hongu, changamire, dzose dzakasiyana-siyana. Vamwe vanoroora, uye vamwe havadaro, uye vamwe maGiriki, vamwe maOrthodox, uye, saka, kunongova nemhando dzakasiyana, dzechiRoma. Vamwe vanogamuchira papa, uye vamwe havadaro. Munooni, vakapatsanuka, zvakare. Ndeipi yemachechi iwayo, zvino, iri raiti? Ndepapi paungaisa chero kutenda? Kana uri muKatorike, uye uchitenda chechi, saka ndeipi chechi yacho? Ndeipi yacho pamachechi ako eKatorike?

¹⁷⁸ Kana uri muProtestanti, unoti, “Zvino, saka, ndeipi—ndeipi yacho padziri iri raiti? Methodisti, Baptisti, Lutherani, Presbyteriani, saka, ndeipi yacho iri raiti?”

¹⁷⁹ Mwari vari raiti. Shoko raVo riri raiti. Vamwe havasi raiti. Kana zviri...Ndizvozvo chero bedzi vachigara neShoko. Asi kana uchinge wasiya Shoko, ipapo unobva wasiya Mwari. Nokuti, Mwari vari kutarisa paShoko raVo, kuti vaRisimbise. Vanofanira kuRiita remazvirokwazvo. Vanofanira kuRiita kuti riitike. Ndicho chikonzero imi vanhu muine nzara yerumutsiriro. Inguva yekuti zvinhu izvi zvive pano. Kana makambonditenda kuziva zvandiri kutaura nezvazvo, zvigamuchirei. Nguva yasvika zvino.

¹⁸⁰ Asi, dambudziko razvo nderekuti, tine mhedziso dzakawanda kwazvo, hatizive patakasungirirwa. Amen.

¹⁸¹ Zvino ndinonzwa manyukunyuku ekunamata. Maona? Ndizvozvo. Ndinoda kuzvibvisa izvozvo muhurongwa hwangu. Ndizvozvo.

¹⁸² Tine hoko dzakawanda, imwe ichidhonzera *neuku*, imwe ichidhonzera *neuko*, uye imwe ichipesana neimwe, vanhu vanoziva sei zvekuita? Uye kumanikidza kweMweya Mutsvene uchidzika pasi, uchiedza kuwana nzvimbo yekuZvipinza mairi, kuti Ugokwanisa kushanda, Shoko neShoko, Shoko neShoko.

¹⁸³ Zvino, imi vanhu vePentekosti munotenda kuti, apo zvipo pazvakatanga kudzoreredzwa kuchechi, zverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nekutaura nendimi, uye makanyatsogara nazvo. Makazvitenda izvozvo. Zvino, zvakanaka. Asi sei makamira ipapo? Maona? Sei makamira ipapo?

¹⁸⁴ Israeri payaiva parwendo rwokuenda kunyika yechipikirwa, zvino pavakamira murenje, Vakagara ikoko kwemakore 40; rwuchingori rwendo rwezuva rimwe chete kubva pane vimbiso yega-yega, nyika yacho yese yechipikirwa, muhuzaro.

¹⁸⁵ Uye vanhu vechiPentekosti, pavakayambukira mhiri, vachitamba nekudanidzira saMiriamu nevamwe, pavakasvika murenje, vakaita zvimwe chete zvakaitwa naMosesi...kana kuti kwete...zvakaitwa neIsraeri. Vaida murawo. Nyasha dzakanga dzatopa kare zvinhu zvose. Vaida chimwe chinhu

kuitira kuti vave navanachiremba, nemaPh.D, nemaLL.D, zvino vakazviwana. Zvino vakafamba ipapo kusvikira mumwe nemumwe wavo afa. Ndizvozvo.

¹⁸⁶ Zvino Mwari vakatora varume 2 vakavatumira mhiri: Karebhi naJoshua. Handiti, rwendo rwavo rwaingova rwemamaira angaita chete—angaita 40 chete, ndiwo oga avaifanira kufamba. Handiti, vakanga vasarirwa nezuva rimwe chete kana 2 kusvika kwairi. Asi vakamirira kumashure kuno kwemakore 40, kusvikira vabuditsa zvinhu zvose izvozvo kubva mavari, kusvikira vanhu vose ivavo vafa.

¹⁸⁷ Zvino, nguva yave kuda kutongosvika yekuti pave neshanduko zvino. Isu—isu takatanga kuita sangano, tichiita chinhu chimwe chete chatakabva machiri, uye tikanyatsochidzosa, nekuita *izvi* mbambo, *neizvi* zvive mhedziso. “Uye kana vasingaZvitende chaizvo nenziira *iyi*, Mwari ngavarumbidzwe, havatomborimo maZviri zvachose.” Saka makaitei? Makangogara henyu uye mukagadzira nhengo.

¹⁸⁸ Uye ko nhengo dzacho dzinozivei? Vakauya muShoko raMwari, uye voona chimwe chinhu chichiitika, chinova Shoko raMwari chairo, zvinoka, havazivi kuti vatora zvipi. Vanoenda kunobvunza mumwe bhishopi kana mumwe mukuru wedunhu, “Chii *ichi*, uye chii *icho*?”

¹⁸⁹ Handiti, zvinondifungisa nezveboka rehuku dzemuchirindiro. Ndakagara ndichinzwira tsitsi huku yemuchirindiro. Iyo, inoti “tiyo, tiyo,” uye haina amai vekuenda kwavari. Yakabuditswa nemuchina.

¹⁹⁰ Ndizvo zvakaitea vaparidzi vazhinji ava muzuva rino: vakabuditswa nemuchina mukuru. Vachidanidzira nezvaMwari, uye vasingazivi kuti Chinhu chacho chimbori chii. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

¹⁹¹ Akanga ari zvemazvirokwazvo. Akanga akasungirirwa kuna Mwari, uye Mwari vaiva Shoko, uye Mwari vakazviratidza kubudikidza naYe. Maona? Asi hapoka patiri nhasi. Maona? Tine mhedziso dzakawandisa, uye kwete mhedziso chaiyo. Maona? Pane Nzira imwe chete, uye ndiJesu. Jesu akati, “Ndini Nzira.” Uye Jesu neShoko chinhu chimwe chete.

¹⁹² Uye zvino Mwari vakaporofita mumazuva ano ekupedzisira, pamusoro pezvinoitika. Vakavimbisa zvinhu izvi mumazuva ekupedzisira. Jesu akavavimbisa, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Magwaro ose aAkavimbisa emazuva ekupedzisira, uye tiri kurarama munguva iyoyo chaiyo. Uye Mwari, Mwewa Mutsvene, uri kufamba pamusoro pevanhu.

¹⁹³ Uye chinhu chega chaunoda kuita kutamba muMweya nekutaura nendimi. Ndizvo zvoga zvaunoziva nezvazvo. Ndiyo yoga, mbeu, yakadyarwa. Chatinoda iVhangeri rakazara

rakadyarwa mumoyo wakazara, une simba rakazara, zvigounza mhedziso yakazara. Chii chiri kunetsa?

¹⁹⁴ Makambofunga here zvakaitwa neIsraeri murenje imomo? Vakaroora madzimai. Vakakudza vana, nezvirimwa, nezvimwe zvakadaro, vakatsvoda vacheche, uye vakaviga vakafa, uye vakaroodza vechidiki. Mwari vakavaropafadza uye vakabudirira, asi vakanga vachiri kunze kwenyika yechipikirwa.

¹⁹⁵ Uye ndizvo zviri Pentekosti nhasi. Makore 40 apfuura, hawaigona kunge wakafunga kuti iwe...Mai nababa vako vaitozobatwa nekugwinha-gwinha dai vakafunga kuti waizopinda mumhando yechinhano chakadai. Zvirokwazvo.

¹⁹⁶ Ivo venguva dzekare vakanga vakasungirira kuMhedziso iyoyo, ndokubatirira paShoko iroro, zvisinei nezvazvaiva. Hakuna sangano, vakuru vedunhu, varume vedunhu, kana mabhishopi, achavaudza chero chinhu pamusoro pazvo. Vakafamba muMweya, vakabuda vakanoita zvishamiso nekuita zvinhu. Vakava nemisangano yeAzusa Street ichienda kwese-kwese, misangano yemuchivakwa chine denga chete.

¹⁹⁷ Uye, saka, hauchatokwanisi kuwana zvachose varume vari pakona yemugwagwa kuti vapupure. Oo! Maona? Chii chatinacho? Chinhu chimwe chete chaiva neIsraeri.

¹⁹⁸ Zvino, pakasimuka mumwe muchinda ipapo panguva yekupedzisira, ndokutanga kunongedzera, mushure memakore 40, “Kune nyika yose yakazara nemaropafadzo mhiri uko. Uye yose...” Nokuti, nguva yakanga yasvika, yekuti Mwari vaizovayambutsa.

¹⁹⁹ Nguva yasvika zvino, yaVanoda kugadzirira Chechi. Ndichataura izvi neinzwi rechiporofita, ndinovimba kudaro. Handisi kuzvitura muZita raShe, asi ndinotenda kuti ichi ichokwadi. Kubvutwa, uchange uchitaura nezveKubvutwa, iko Kubvutwa kwakasoenda, nguva refu. Hongu. Uchange uchiti, “Mwari ngavarumbidzwe, Kubvutwa kwauya.” Kwakatopfuura.

Jesu haana kutaura nezvaJohane here?

²⁰⁰ “Ko sei vanyori vachiti Johane, kutanga? Kana kuti, ko sei akati Eria anofanira kuuya?”

²⁰¹ Akati, “Akatouya kare uye hamuna kuzviziva. Asi makangoita chaizvoizvo zvamakati aizaita.”

²⁰² Rimwe zuva pachauya kutongwa panyika. Uye chinhu chekutanga unoziva, uchawana vanhu pano vari kutsvaga Kubvutwa, uye vakasoenda kare-kare. Vachange vari vashomashoma kwazvo. Akati, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu. Sezvazvaiva mumazuva aRoti!”

²⁰³ Tinofunga kuti zibutwa guru iri remarara anopiswa pano, dota reatomiki, riri kuenda. Rinongoenda chete kana riine

Hupenyu hwaKristu mariri, nokuti Mwari vacharimutsa. Ndizvozvo chaizvo.

204 Kuchava neKubvutwa. Munofunga, vanhu 2 kana 3 *pano*, nemumwe chete neche *kuno*. Uye kune imwewo nzvimbo, mumwe munhu anoshaikwa, vofunga kuti vakatiza pamba. Ivo, ngavatongwarira, vanogona kunge vakaenda. Vachitarisira Kubvutwa, uye ikwo kwakatopfuura. Zvino, izvozvo hazvipesani neShoko. Kwete, hazvidaro. Anouya sembavha husiku. Maona? Vanenge vatoenda musati mazviziva.

205 Mwari vanoisa simba raVo—raVo guru umo muChechi, uye hazvitore boka guru kwazvo kupindamo. Zvinotora vashoma. “Musatye, boka duku. Kuda kwaBaba venyu kwakanaka...” Imi makabaturira kuMhedziso, ndizvozvo, nekusimbisa kwaMwari kuchishanda mairi.

206 Saka, munoona, tiri kurarama munguva inotyisa, uye ndizvo, kumanikidzwa ikoko kuri pachechi. Zvinoka, unoda kuona chimwe chinhu. Unoda kuona chimwe chinhu. Asi, zvino, Mwari vangarinda sei Shoko raVo, kuti vaRisimbise, apa munhu asingatendi Shoko iroro uye asingaRigamuchire mumoyo mavo? Ko zuva ringavheneke sei pambeu uye roiunza kuhupenyu, iyo isina kana hupenyu mairi? Inofanira kuva mbeu ine chizenga chehupenyu. Saka, chitendwa chine chizenga chekugadzira dzimwezve nhengo dzakawanda.

207 Asi Shoko rine chizenga chekuita vatsvene, kuita vatendi. Ndizvozvo. Mwari vanoshanda kuti vazadzise Mashoko aVo. Ivo—iVo vanoRirinda, kuti vaRisimbise. Hongu, changamire.

208 Zvino, zvino, zvirokwaizvo, chechi yeKatorike inotora hoko yavo, nyeredzi yavo yekumaodzanyemba, uye pane kubudirira kwavo. Uye ndeizvo zvinotaurwa napapa, zvinova zvisingakundiye kuRoma yechechi yeKatorike. MaProtestanti, mubhishopi, chimwe chitendwa. “Izvozvo zvinopesana nechitendwa chedu.” Uye vamwe vavo vanopesana nezvinhu zvakasiyana, zvitendwa zvavo zvemasangano, nezvimwe zvakadaro.

209 Munoziva, ndinonzwa sezvakataurwa naPauro pano. Ndakatarisa Gwaro muna Mabasa 20:24. Akati, “Hapana kana chimwe chezvinhu izvi chinondizunguza.” Amen. Sei? Nokuti akanga akasungirirwa pahoko. Akanga aine mhedziso. “Kubva pandakasangana naYe, munzira yekuDhamasiko,” dai ndaikwanisa kutaura naPauro, “Akanditendeutsa, akanditangidza ndichidzoka nenzira kwayo. Ndakanga ndakabva paShoko. Akandidzoserana paShoko.” Hongu, changamire.

210 Teererai. Ndinonzwa saizvozvowo, zvakare. Ndinonzwa kuti munhu wese akaberekwa neMweya waMwari, anoda Mwari uye anoda Shoko raVo, Mwari vane chinangwa mazviriri. Mwari vaiva

nechinangwa chokutendeutsa Pauro. HaVana here kuti, “Ndiri kuzoratidza maari” kubwinya kwaKe?

²¹¹ Mwari vaiva nechinangwa paVakandiponesa. Ndakatsunga kuita kuda kwaVo, “Kwete kuwedzera kwaRiri kana kubvisa kwaRiri.” Zvakazarurwa 22:19 yakati, “Ani naani anozviita, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu.”

²¹² Ndakatsunga kusazombowedzera chinhu chimwe chete chemaonero angu kuShoko iroro. Ndakatsunga kuRiverenga sezvaRiri chaizvo, uye—uye ndokumbira Mwari kuti ndichazarura mumoyo mangu nekuRigamuchira. “Rishandisei kubudikidza nemandiri, Ishe, kuti vamwe vaone. Dai Rikave munyu uye nechimwe chinhu chemazvirokwazvo, kuti vamwe vaone.” Hongu, changamire.

²¹³ Zvino, kana Ari Mhedziso yedu, hapangave neimwe mhedziso. Haugone kuva, unoti, “Zvinoka, chechi yangu—yangu ndiyo mhedziso yangu. Chitendwa changu ndicho mhedziso yangu.” Kana Kristu ari Mhedziso yako, unotenda Shoko raKristu. Hapana imwe nzira yekuzviita.

²¹⁴ Munoziva, ndinofunga nezvenguva yaAkandiponesa. Ndichakuudzai kuti sei ndichimira nenzira yandinoina nayo; kwete kuva ndakasiyana. Ndakazvijekesa pane izvozvo; ndinovimba kuti ndakadaro. Asi ini. . . Kristu paakandiponesa, kwaiva nemamiriyoni evanhu vaifamba murima vari muchivi. PaAkandiponesa, Aiva nechinangwa mukuzviita. Aiva nechinangwa mukundiponesa. Akangoona munhu asina kudzidza seni, uye—uye, neimwe nzira kana imwewo, apo paiva nevarume vakawanda vakangwara, varume vanogona zviri nani, varume vaigona kuzviita. Ini pano, ndisina kana dzidzo yegiredhi 7, ipo paiva nevarume vakadzidza kuchikoro uye vakawana madhigirii, uye nevanachiremba ve—vedivinity nephilosophy, nevimwe zvakadaro. Asi Kristu paakandiponesa, Aiva nechinangwa chekuzviita, kana kuti Angadai asina kumbobvira akandiponesa.

²¹⁵ Teererai, hama. Ndinokudai, uye munozviziva izvozvo. Asi ndakatsunga mumoyo mangu kuti handife ndakadududza paShoko iroro. Ndichagara ipapo chaipo. Ndiyo Mhedziso yangu, ndanga ndakasungirirwa pairi, makore ose aya. Zvino, Aiva nechinangwa chekuzviita. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndinovavarira kuita kuti chinangwa ichocho chibudirire, kugara neShoko iroro; kwete kuve ndakasiyana, kwete kuve ndakaomarara, asi kuva ndakatendeka nekuperera kuna Mwari. Ndizvozvo chaizvo.

²¹⁶ Zvino, munoziva, rufu rwaKristu rwakanga ruwine mhedziso kwarwuri. Munhu wese aitya rufu, kunyange muporofita mukuru Jobho. Vanhu vazhinji vaitya rufu, kumwe kutya. Uye vanhu vakagara vachirwutya. Asi Kristu paakauya ndokutora rufu paAri, Akava Mhedziso kune avo vaitya rufu.

Muna vaHebheru 2:14-15, “Akatora chimiro chemunhu,” kuti afe semunhu, kuti abhadhare murango wacho. Asi, paEsta, Akauya aine makiyi erufu negehena. Akanga azvikunda. Akauya, Akati, “Usatya. Ndini Uya anga akafa, uye ndiri mupenyu nokusingaperi.”

²¹⁷ Uye Mhedziso yedu iri paAri, ndizvozvo, maAri. Uye Aiva Shoko raMwari rakakwana. Aiva akakwana kwazvo kusvikira, paAkataura Shoko raKe, rakasika. Rakamisa mhupo. Ra—Rakagadzira mabhisikiti, nehove yakabikwa, neShoko raKe chete. Maona? Pakanga pasina chidzivo. Akanga akakwana kwazvo. Akati Shoko naYe vaive Mumwe.

²¹⁸ Aive rudo rwaMwari, muna Johane 3:16. Ndokugadzira mutumbi, usina kuberekwa nekusangana pabonde, pasi pekuwa. Asi wakaberekwa nesimba raMwari rinosika, iro Mwari pachaVo vakagara mumutumbi uyu ndokuburitsa Shoko raVo kunze. “Uye Mwari vakanga vari muna Kristu vachiyananisa nyika kwaVari,” vachiita mhedziso yechero mutendi. Zvino Akaenda kuguva raKe, aine mutoro wechivi paAri, ndokubhadhara mubhadharo. Uye akamuka mangwanani eEsta, aine makiyi erufu negehena. Imhedziso kune chero munhu upi anotyara rufu.

²¹⁹ Regai nditaure izvi. Handizive kuti dzimwezve Mharidzo ngani dzandinofanira kuparidza ndisati ndaenda. Asi kana uri mutendi chaiye muna Mwari, uye wakazvarwa patsva, usatya rufu. Ndicho chinhu chakanakisa chinogona kuitika kwauri, potse. Pauro akati, “Kwandiri kurarama ndiKristu, uye kufa ipfuma.” Zvirokwazvo. Ndizvo... Usambotya rufu. VaTesaronika Vechipiri, “Tinobvutwa pamwe nevadikanwi vedu, kunosangana naYe muchadenga.” Ivimbiso yakadini! Imhedziso chaiyo zvairi, kutenda muna Kristu, kuita moyo wangu uti “ameni” kuShoko rose riri muBhuku raKe!

²²⁰ ZvaAnotaura, ndinoZvitendawo, zvakare. Izvozvo ndinoziva, kuti Mweya Mutsvene ndiwo Kambasi yangu, nokuti Unonditungamirira kuMhedziso yaKe, munoona, Nyeredzi yaKe yoKumaodzanyemba; kwaAri, Nyeredzi yoKumaodzanyemba. Ndiye Mhedziso yangu, Zuva rangu, Mbiru yangu, Nyeredzi yangu yekuMaodzanyemba. Oo, ini zvangu!

²²¹ Akasiyana zvikuru nevamwe vandinoona, nguva dzose pane chimwe chinhu chiri kudhonza, imwe tambo yaunofanira kudhonza. Asi, mune iYi pano, haudhonze chinhu. Chinhu choga, chinotounzwa zasi pauri. Ndiyo Mhedziso. Kristu ndiye Mhedziso yedu.

²²² Tarisa kuti Shoko raKe rakasiyana kwazvo. Shoko iroro ragara riripo kubva kare. Testamente Itsva neYekare zvinoenderana, sechidimbu chebhodhi chinopfekerwa mune chimwe zvichibatana pamwe chete. Hapana chiri kunze kwehurongwa. Varume vazhinji vakanyora Bhuku iroro, mabhuku 66 iwaya eBhaibheri. Vakarinjira muchikamu

chemazana nemazana emakore akaparadzana, mumwe asingatove mumwe. Zvino chii chakaitika? Haugoni kuita kuti Shoko rimwe ripikisane nerimwe. Ndizvozvo. Ndicho chikonzero.

²²³ Ndakanzwa vanhu vachiti, “Bhaibheri rinozvikipisa pachaRo.” Ndichaparidza muUnited States yese kwegore rose, zvaro, uye ndoita kuti vashumiri vatore mipiro vagoipa yese kwauri, kana ukandiratidza apo Shoko raMwari rinozvikipisa. Ndizvozvo. Ndakapa chikumbiro ichocho kwemakore. Hapana ati achitora. Kwete. Nekuti, haRiZvipikise. Ipfungwa dzako diki kunge nzungu, dzauro—uri kuedza kuRiita kuti ritaure chimwe chinhu chaRisingataure. Ndizvozvo. Kwete. Shoko raMwari hariZvipikise. Vari, riri. . .

²²⁴ Zvino, masangano anopikisana. Akafanana nedzimwe nyeredzi idzi, munoona. Dzinofamba-famba, nguva dzese, senyika. Dzinotenderera munyika, uye nekupoterera nyika. Uye nyika ikatendeuka inodzibvisa dzese muhurungwa.

²²⁵ Asi haife yakatendeuka ichibva paNyeredzi yaMwari yeKumaodzanyemba, Shoko raVo, uko kambasi inonongedza kwaRiri. Rinogara riri rimwe chete, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndiyo Mhedziso. Ndiyo nzvimbo yacho.

²²⁶ Unogona kutarisa *iyi* pano. Nhasi iri pano, uye mangwana inotenda zvimwewo. Zuva rinotevera, iri uko, kune imwewo nzvimbo. Ndiyo nzira yacho. Zinyekenyeke chairo, pakupinda nepakubuda, pakubuda nepakubuda, nepakupinda nepakupinda, nezvimwe zvakadaro.

²²⁷ Asi, iwe isa mwoyo wako paShoko raMwari chaipo. “Uye matenga senyika zvichapfuura, asi iRo harizombopfuuri.” Ndiro Mhedziso. Ndiro Nheyo yakasimba. Ndiro—ndiro Kambasi yangu, Chifambiso changu. Ndiro Mutungamiri wangu. Ndiro Chiedza changu, chiri paMhedziso iya yeShoko raMwari. Ndakasungirirwapo, Nokusingaperi, pamwe naYe. Amen. Vamwe vanogona kuita zvavanoda; zviri kwavari. Asi, kwandiri, iMhedziso iyi. Ndinoda iroro kuti rive Mhedziso yangu. Zvinogona kusuduruka nekushanduka, nezvimwe zvakadaro, asi kwete Shoko raKe. Richaramba riri rimwe chete nguva dzose. Anoramba akatendeka kuShoko raKe. Zvino Muite Mhedziso yako.

²²⁸ Munguva dzedambudziko rangu kumashure uko, pandakarasiikirwa nemhuri yangu, uye hupenyu hwangu hwakatopotsa hwatorwa kubva kwandiri. Mwanasikana wangu mudiki akafa, ini ndichimunamatira, apa mushure mekunge ndambove mumigwagwa, siku nesikati, ndichiparidza nekunamata, nekuedza kuita zvaive zvakanaka. Makanzwa nhoroondo yehupenyu hwangu. Vazhinji venyu makaiverenga. Uye, ini zvangu, zvakasvika panzvimbo, yekuti ini—ini

ndakaona mudzimai wangu achifa, ndizvo . . . uye ini ndakabata ruoko rwake. Ini . . . Mwana wangu mudiki akarwara, maaawa mashoma mushure maizvozvo. Zvino ndakadzika zasi ikoko ndokunamata, nezvose zvaiva mandiri. Zvakaita sekunge jira dema rakadzikiswa pasi, uye ndokuramba kupindura munamato wangu.

229 Satani akabva auya kwandiri akati, “Unoona, une makore angangoita 20 chete okuberekwa. Uye pano, iwe, izvo zvese zvawakaita! Uye, iwe, wakazviregedzera pachako. Uye wakaita zvinhu zvose izvi. Iwe—iwe wakarasiikirwa nehupenyu hwako hwese wehudiki, pokuti, waitofanira kunge uri kunze uchiva nenguva huru sevamwe vechidiki vese. Uye pano wakamira pakona yemugwagwa, uchichema uye uchinamata. Wakaenda husiku hwese nguva nenguva, muzvipatara, awa neawa. Asi pazvinosvika paropa nenyama yako pachako, Anoramba kukunzwa.” Ndiyo imwe nguva yandakanyatsoyedzwa.

230 Asi zvakaitika kuti ndakazorangarirazve. “Ndine Mhedziso. Kunyange Akandiuraya, zvakadaro ndichavimba naYe. Handina basa kuti chii chinouya kana chinoenda.”

231 Seneta wedunhu reIndiana, Sam Isler, akauyawo, zvakare. Aiuya patabhenakeri. Akashaya zvino, anenge makore 2. Murume akanaka. Uye aiwanzo . . . Aiuya zasi nemugwagwa.

232 Ndakanga ndichikwira, kunonyengetera, kumusoro kuguva kwakanga kwakarara mudzimai nemwana. Kwaiva mushure chaimo memafashamo a '37. Ndainge ndakapfeka manjombo, uye ndaifamba ndichikwidza nemugwagwa, ndichichema.

233 Billy mudiki, mwanakomana wangu, akanga oda kufawo, zvakare. Uye vanachiremba vakanga vatoti hapachisina chimwezve chekumuitira. Uye—uye aive neimwe mhando yemanyoka avakatadza kumisa, hutachiona.

234 Zvino ndaichema, ndichinamata, ndokufunga. Saka, ndakanga ndichiri ndakabatirira pana Mwari. Ndaikwidza nemugwagwa, ndichichema.

235 Ndakafunga kuti ndaizoenda kumusoro ndonoteerera. Ndaisigara kumusoro ikoko, manheru, paguva. Ndainzwa njiva yekare ichiuya zasi ikoko yotanga kuimba. Ndainzwa mapaini achivhuvhuta, uye mhe—mhe—mhapo nemuma—mhapo nemumapaini, waro. Uye zvainzwika sekunge yaiti:

Kune Nyika mhiri kwerwizi,
Yavanodana kuti kutapira nekusingaperi,
Tinongosvika kuMahombekombe aya nedanho
rekutenda;
Mumwe nemumwe tinopinda nepasuwo,
Ikoko kunogara nevasingafi,
Rimwe zuva vanoridzira mabhero endarama
iwe neni.

²³⁶ Ndaimira ipapo, ndochema, uye ndotarisa kumusoro. Zvino ndaiti kumudzimai nemwana, ndoti, “Ndi—ndinoziva kuti hamusi pano makarara. Apa ndipo pandakaisa zvakasara zvandaiva nazvo mumaoko angu. Asi kune imwe nzvimbo, mhiri kwerwizi, muriko.”

²³⁷ Saka, asi, munoona, nda—ndaienda kumusoro kunzvimbo iyoyo, rimwe zuva, kunogara kuguva. Ndakanga ndakapfeka manjombo, ndichifamba hangu. Imwe motokari yekare yakauya shure kwangu, ikamira. Vaiva VaIsler, seneta wedunhu. Vakasvetuka kubva mumotokari. Vakaterendera ndokudzoka. Vakandimbundira, vakati, “Billy, chokwadi ndiri kunzwa urombo.”

Ndikati, “Zvakanaka, Hama Isler.”

²³⁸ Zvino vakati, “Nda—ndanga ndisingafanire kunge ndamira.” Vakaona kuti ndakanga ndiri kuchema.

Ndikati, “Zvakanaka, VaIsler.”

Zvino vakati, “Ndichakubvunza chimwe chinhu, mwanakomana.”

Ndikati, “Zvakanaka. Endererai henyu mberi mundibvunze.”

²³⁹ Vakati, “Ndakakuona wakamira ipapo papurupiti iya kusvika ndakafunga kuti uchafa.” Vakati, “Ndakakuona uchitsanya kusvika wanyanya kuperezeka zvekuti ndaitokunzwira urombo, uye,” ndokuti, “kupinda nekubuda, nekupinda nekubuda, siku nesikati.” Vakati, “Uyezve mudzimai wako nemwana vari umo, unoona, unotarisa zvinhu izvozvo.” Vakati, “Kristu anorevei kwauri zvino?”

Ndikati:

Ndimi Hova yokunyaradzwa kwangu kwose,
Munopfuura hupenyu kwandiri,
Ndiyani wandinaye panyika kunze kweNyu?
Kana ndiyani Kudenga asi iMi?

²⁴⁰ Munoona, ndakanga ndawana Mhedziso iyoyo, chimwe Chinhu chiri chakandibata apo dutu rakanga ravepo.

²⁴¹ Mumwe munhu akati kwandiri, akati, “Billy, wakachengeta here chinamoto chako munguva yekutambudzika kwako?”

Ndikati, “Kwete. Chakandichengeta.” Maona?

²⁴² Ndizvo zvazvaiva. Ndakanga ndakasungirirwa kwaAri munguva apo simba rangu rakanga rapera, uye hapana chandaikwanisa kuita. Hoko yangu yakabatirira mukati mechidzitiro cheShoko raKe mhiri uko.

²⁴³ Apo, dzimwe nguva handizvinzwisise. Dzimwe nguva ndinofunga, “Chii chinondiita kuti ndiite zvinhu zvandinoita?” Pane chimwe Chinhu chiri mukati mangu, chiri kundifambisa. Handigoni kurega kuzviita, hama.

²⁴⁴ Ndakauya kuPhoenix, rimwe zuva, ndiine kutsunga kwekuti handichazomborovizve chero sangano zvaro. Chinhu chekutanga munoziva, chiratidzo chakarova pamberi pangu, husiku hwekutanga, zvino ndakazviona ndichitendeukira mugwenga. Chimwe chinhu chakanditendeutsa, chikandiratidza chechi huru kwazvo, yekare, yakatonhora, chikati, “Gara *ipapo*, usati waenda *ikoko*.” Oo, ini zvangu! Pane chimwe chinhu chandisingagone kurega kuita. Imhedziso iri mukati mangu. Chinopfuura hupenyu hwangu, kwandiri. Hongu. Handigone kuchishandura sekusakwanisa kwandinoita kushandura ruvara rwemaziso angu. Handitokwanise kuzviita.

²⁴⁵ Zvino, nenyasha dzaKe, ndakasungirirwa kwaAri, Uyo akataura, sezvaAkaita mumazuva aMosesi, “NDIRI.”

²⁴⁶ Mosesi, munoziva, akanga ane mhedziso. Paakanga ari zasi ikoko, akanga aine dzidzo yose yebhaibheri iyo munhu aigona kuva nayo. Uye akaedza zvakasimba. Akanga ari murume wechiuto. Akatarisa kunze nepamahwindo. Uye nokutenda. . . Teerera. Zvino, rangarirai. “Nokutenda, Mosesi akati kuzvidzwa kwa—kwaKristu ipfuma huru kupfuura pfuma yeEgipita.” Aiva nekutenda mune zvaakanga achiita. Aitozvutenda zvemazvirokwazvo. Aiziva kuti akasimudzirwa chinangwa ichocho. Asi akakundika. Akabuda kunofudza makwai. Zvino akakundika.

²⁴⁷ Asi rimwe zuva, seri kuseri kwerenje, akauya kuMhedziso. Akasvika panzvimbo yaakasangana nechimwe Chinhu chaive chechokwadi. Paive negwenzi raipfuta Moto. Haana kuda kutora mashizha acho oenda kurabhoritari, kuti aone chikonzero sei aisatsva. Akangogara pasi paChaive. “Bvisa shangu dzako, Mosesi.”

²⁴⁸ “Ndichaenda zasi kunobvunza mufundisi wangu, ‘Ko Izvi chii?’” Akanga asina nguva yekuita izvozvo.

²⁴⁹ Anofanira kubvisa shangu dzake. Zvino paakanzwa Imomo, paiva neShoko raMwari mupenyu, raiva mugwenzi iroro. “NDIRI WANDIRI. Ndarangarira vimbiso yaNgu yaNdakaita naAbrahama. Ndarangarira sungano yaNgu, zvino Ndaburuka kuzovadzikinura.”

²⁵⁰ Zvino, ipapo, akanga ane Mhedziso. Akanga akasungirirwa kwairi chero bedzi airarama, uye Yakamuendesa Kudenga. Akanga akasungirirwa kuMhedziso iyoyo, zvisinei kuti mumwe wevadzidzi vebhaibheri vakati kudii, akanga asingadi mumwe munhu kuti aitsanangure kwaari, akaIziva, akanga asangana naMwari. Uye Inzwi, Shongwe yeMoto huru iya yakamutungamirira nemurenje, uye kunosvika chaiko kunyika yechipikirwa, Shongwe yeMoto iya imomo, yaiva neInzwi maIri, uye Inzwi iroro rakanga riri Inzwi raMwari rakasimbisa Shoko. Amen.

Ndinovimba kuti hamuna kukotsira zvino. Cherechedzai.

251 Shongwe yeMoto iyoyo yakataura Shoko, uye ikaRisimbisa, kuRiita kuti riratidze kuti akataura Gwaro. “Ndini Mwari vakaita vimbiso kuna Abrahama. Ndini Wacho. Ndiro dambudziko neIsraeri. Ndiro dambudziko zasi uko. Ndarangarira vimbiso yaNgu, zvino Ndauya kuzoona kuti zvaitwa.”

252 Mwari vanongoshandisa munhu, wekushanda naye. Havashandise masangano. Havashandise michina. Vaigona kunge vakazviita. Asi, Vakasarudza munhu. Ndizvozvo chaizvo. Vaigona kusarudza nyeredzi, mhupo, kana chimwe chinhu, kuti chiparidze Evhangeri. Asi, Vakasarudza munhu. Havazvishandure pachaVo. Vanogara vari vamwe chete.

253 Vakasarudza Ropa kuitira ruponeso. Dzidzo kana chimwewo chinhu hachizombotora nzvimbo yaRo. Ropa ndiro nzira yaMwari yakafanira yeruponeso. Ichokwadi.

Uye zvino, ndinoda kuti mucherechedze, haVakwanise kushanduka.

254 PaVakataura naMosesi, Vakati, “Mosesi, ndiri kukutuma zasi ikoko. Asi, usati waenda, ndinoda kukuratidza kuti Ndiri Mwari.” Vakati, “Chii chaunacho muruoko rwako ipapo?”

Ndokuti, “Tsvimbo.”

255 Ndokuti, “Ikandire pasi.” Zvino yakashanduka kuita nyoka. Akainhonga zvakare. Yakadzoka, kuva tsvimbo.

256 Oo, Mosesi paakauya panzvimbo pakasimuka vatevedzeri, vachiedza kutevedzera! Paakakandira tsvimbo yake pasi, ndokuti, “Hepano, Farao, ndichakuratidza zvandakaudzwa naMwari kuti ndiite. Ndichakandira tsvimbo iyi pasi, zvino tarisa ichishanduka kuva nyoka.” Yakazviita.

257 Farao akati, “Ndine machinda iwayo, zvakare. Sangano rangu rinogona kubuditsa izvozvo.” Saka, vakauyako ndokutora vamwe vatevedzeri.

258 Mosesi akaitei? Akamira ipapo chaipo. Sei? Akanga asangana naMwari. Akaziva kuti vaiva Mwari. Akanga aita chikamu chake. Yave nguva yaMwari yekufamba ipapo. Akagara ipapo chaipo.

259 Bhaibheri rakati chinhu chimwe chetecho chichadzokorora mumazuva okupedzisira, “Nekuti saJane naJambure vakamisidzana naMosesi.” Ichokwadi. Maona?

260 Asi akamira ipapo. Zvino akaona ruoko rwaMwari rwuchiburuka, uye nyoka iyoyo ikadya dzimwe dzose. Wakambocherechedza here kuti chii chakaitika netsvimbo idzodzo? Dzaiva mudumbu retsvimbo imwe chete iyi. Mosesi akatungamirira vana veIsraeri nemurenje, netsvimbo imwe chete iyoyo, nenyoka dzese idzodzo dziri mukati mayo, ndinodaira.

²⁶¹ Sei? Munoziva kuti sei? Mosesi paakasangana negwenzi raipfuta iri, munoziva, uye gwenzi riya raipfuta rakati, rakaratidza kuve riri Mwari. Chiedza chiya, Shongwe yeMoto iya, yakaratidza kuve iri Mwari. Uye ndinotenda kuti Mwari vakauya muna Mosesi, nokuti, mutarisei musimba rake rekusika. Mosesi akapenya ipapo neMoto.

²⁶² Munoziva kwandiri kuenda zvino, hamudaro here? Zvirokwazvo, sePentekosti.

²⁶³ Cherechedzai, Mosesi aive neMoto. Moto waiva muna Mosesi. Nokuti, chero chipi chakataurwa naMosesi, aisava Mosesi. Vaiva Mwari vaitaura. Zvino akaita chiratidzo chake, nokuti Shongwe yeMoto yakasiya gwenzi ndokuuya pana Mosesi. Amen.

²⁶⁴ Oo, hama, munoona zvandiri kureva here? Jesu mumwe chete iyeye akakwira kumusoro, akadzoka zvakare neZuva rePentekosti, muchimiro cheMweya Mutsvene neMoto. Unofanira kuva pavanhu, uchiita zvimwe chete zvaAkaita, nokuti Akati Waizozviita. Tave papi pachu? Munoona here zvandiri kureva? Mosesi, Moto waiva muna Mosesi. Wakasiya gwenzi, ukauya pana Mosesi.

²⁶⁵ Tinoedza kuisa Moto muvira remoto. Ndizvo zvoga zvatinazvo. Chatinoda Moto weMweya Mutsvene, Shongwe yeMoto imwe cheteyo yakatungamirira Israeri. Chokwadi.

²⁶⁶ Oo, unoti, “Zvino, Hama Branham, ndingatongwarira pamusoro pazvo.”

²⁶⁷ Zvino, mirai zvisihoma, apo Pauro, mudzidzi mukuru webhaibheri aiva nehunyanzvi hwakawanda, asi ari munzira kuenda kuDhamasiko, zvino akaroverwa pasi, akatarisa kumusoro zvino hapo paiva neShongwe yeMoto iya, akaziva kuti vakanga vari Mwari. Akanga aIona ichisimbiswa muBhaibheri, Yaiva Mwari. Zvino akaMudana kuti, “Ishe.” Akati, “Ishe, ndiMi Aniko? Ndoita sei?”

Akati, “Ndini Jesu.”

²⁶⁸ Zvakabva zvapedza nyaya yacho. Pauro akanga ava neMhedziso. Akaziva kuti Mwari weTestamende Yekare aive Jesu Kristu weItsa. Hapo paaiva akasungirirwa pahoko, uye hapana chaifanira kumutsukunyutsa. Chokwadi. Aiva nekusimbiswa kwacho. Sei? Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamira vanhu vaVo kubva muEgipita kuenda muIsraeri, muParastina, Shongwe yeMoto imwe cheteyo yakanga imire ipapo ichizviti ndiJesu Kristu. Zvino akabva aziva kwaave. Zvino akanga agadzirira. Paakangopodzwa uye akazadzwa neMweya Mutsvene, akanga agadzirira kuenda. Maona?

²⁶⁹ Asi, aiva neMhedziso. Yakagara naye, pamberi paAgripa nevarume vakuru vose vemumazuva iwayo, nemadzimai. Akamira ipapo achinyatsokumbira Shoko. Sei? Aiziva kuti Shoko raiva Mwari.

270 Ndiani akanyora bhuku raVaHebheru? Pauro, chokwadi. Akafemerwa kuzviita. Asi sei? Shongwe yeMoto iyoyo yakasangana naye yaive maari. Ndicho chikonzero aikwanisa kunyora.

271 Ndicho chikonzero Mosesi akanyora mabhuku 4 ekutanga eBhaibheri, nokuti, Shongwe yeMoto iyoyo. Ko aizoziva sei kuti zvisikwa zvakatanga sei? Ko aizomboziva sei pamusoro pevamwe? Nekuti, Shongwe yeMoto imwe chete iyoyo yaiva maari, yaiva pagwenzi, yakabva pagwenzi ndokuva paari. Uye zvakasimbiswa uye zvikaratidzwa kuti Yaive iyo. Kora nevamwe ndokuda kutanga sangano richipesana naYo, asi hazvina kushanda. Zvakakundikana. Mosesi aiva neMhedziso iyoyo.

272 Pauro aiva neMhedziso imwe chete, Shongwe yeMoto imwe chete, Mwewa Mutsvene mumwe chete, Mwari mumwe chete, kwete “Ndaive,” kana “Ndichave,” Wacho “NDIRI,” uh-huh, nguva yazvino, nguva dzose.

273 Joshua aiva neMhedziso. Ndipo paakasangana neMukuru weHondo, mauto eMukuru weHondo yeIsraeri. Uye Akamuudza kuti “afore achitendera masvingo.” Vese vakanga vakachengetedzwa mukati. Oo, varume, unotaura pamusoro, pekuoma kupinda? Zvakaoma kuva nerumutsiriro imomo, nekuti hapana aizomubvumidza kupinda. Vese vakanga vamuvharira, kunze. Asi akasangana neMukuru weHondo. Akamuudza zvekuita. “Ingopfeka nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, woramba uchifora.” Amen. “Masvingo achawira pasi.” Zvino vanhu pavakadanidzira, uye hwamanda dzikarira, ndiyo yaive mhedziso yake. Akabva apinda chaimo mumbuserere yake ipapo, kupinda chaimo mu—muJeriko. Chokwadi. Akanga aine Mhedziso, Shoko re, rakabva kuMukuru weHondo.

274 Johane, paakanga ari jaya, uye aiziva kuti akanga achifanira kudzidzira. Akanga ari kuzo—akanga ari kuzozivisa Mesiya. Ndiye aive wacho. Haana kumboziva kuti Aive Ani. Aive pane imwe nzvimbo. Uye Johane aiziva kuti aisagona kungatora chiiitiko cheseminari. Aifanira kuva neMhedziso. Aifanira kuva nechimwe chinhu kuti chive chokwadi chemazvirokwazvo.

275 Zvino, hama, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Vashumiri, kwete kuva ndakasiyana, kwete kuva ndakaipa, asi kuva ndakatendeka, hamufunge here kuti rino izuva, munyonganyonga yose iyi yatiri kurarama mairi, tinofanira kuva—tinofanira kuva nechokwadi pamusoro pechinhu ichi? Pane kusiyana kwakawandisa.

276 Uye Johane aiziva kuti aifanira kuva nechokwadi chemazvirokwazvo, saka haana kumboenda kuchikoro chababa vake. Hapana chakambotaurwa kuti akadzokera kunodzidza

kuva muprisita. Asi akaenda kurenje, uye akanga ari murenje kusvikira pakudanwa kwake.

²⁷⁷ Zvino akauyako, uye mapoka evanhu akanga akamira ipapo. Aiva nechokwadi chekuti Mesiya aiva muzuva rake, nokuti ndiye akanga akatemerwa kuzivisa Mesiya uyu, nokuti Maraki 3 yakataura kudaro. “Ndichatumira mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu. Uye achagadzira nzira.”

²⁷⁸ Johane aiziva paaive amire. Zvisinei nekuti vaprisita vangani vaizoti, “Unoreva here kutaura nguva, yatasvika kumusoro kuno, chibairo chezuva nezuva chichazobviswa?”

²⁷⁹ Akati, “Pachauya nguva apo Gwayana raMwari richauya, richabvisa chibayiro.” Akamira mumatope, aine ndebvu kumeso kwake, zvekuti waitomudzinga kubva mumba mako nhasi. Paiva... Maona?

²⁸⁰ Mwari havasi mune zvepamusoro-soro nezvinoyevedza, sezvatinoedza kuVaisa mazviri, uye isu vanhu vePentekosti, Mwari vari mukuzvininipisa.

²⁸¹ Hapo paaiva, akamira. Mutarisei. Uye akanga achizivisa. Iye, akati... Aiva nechokwadi chaicho chekuti Aivepo, akati, “Pane Mumwe akamira pakati penyu, Wamusingatomboziwi.” Oo, ini zvangu! Kutsiurwa kwakadini! “Pane Mumwe ari pakati penyu, iko zvino, Uyo wamusingazivi.”

²⁸² Handizive kana zvinganzwika sekumhura kana ndikamutevedzera kwechinguvana. Pamwe zviri nani ndisadaro. Mumwe ari pakati penyu, wamusingazivi. Munoti munoMuziva, asi hamumuzivi. Gorogota, vanouraya Mwari wacho chaiye wavaiti vaishumira. Vakanga vasingaMuzivi.

Johane akati, “Pane Mumwe ari pakati penyu, uye hamuMuzivi.”

²⁸³ Zvino rimwe zuva akatarisa kunze uko, uye akaona Njiva ichiburuka kubva Kudenga, uye neIzwi. Hapana mumwe akaIona. Hapana mumwe akaRinzwa. Asi akaIona, uye Yaive mhedziso; kwete Purofesa Jones, kana mumwewo munhu. Pakanga pari, “Pane Uyo wauchaona Mweya uchiburukira nokuramba uri paari, ndiYe waCho achabhabhatidza neMweya Mutsvene neMoto.” Ndiko kusimbisa kweDenga kwakaitwa naMwari kuchizviita kuti zvive saizvozvo. Yakanga iri mhedziso. Pakanga pasina—pasina mubvunzo mupfungwa dzaJohane. Hezvoka izvo, chaizvoizvo zvakataurwa naMwari kuti zvaizoitika. Hezvoka izvo. Saka, Njiva iyoyo paMunhuwo zvake iyeye yaive—yaive mhedziso yaJohane. Aiziva kuti chaive chokwadi.

²⁸⁴ Zvino ndichavhara nekutaura mashoko mashoma aya. Hamufunge here kuti tinoda Mhedziso? Hamufunge here kuti tinoda chimwe chinhu chemazvirokwazvo? Chokwadi. Tinoda chimwe chinhu, chimwe chinhu ichocho chaunogona kuti, “*Ichi*

ndiCho,” woisa maoko ako pachiri. “Ichi ndiCho,” tinogona kuona. Ko tichazviita sei? Munhu wese anoti, “*Ichi* ndiCho. *Ichi* ndiCho.” Asi zvinofanira kuva muMagwaro, mhedziso.

²⁸⁵ Regai ndingokupai chimwe chinhu chidiki chine chekuita neni ndisati ndavhara. Hama, hanzvadzi, pandakatora sarudzo yangu, yokuti ndaida here kuramba ndine chechi yeBaptisti, kana kuti chii. Yakangofanana nechero—chero yeimwe yadzo, kwandiri, ringori boka revarume vakabatanidzwa pamwe chete, zvinova hazvo zvakanaka. Asi pazvakasvika panguva yavakazondiudza kuti ndaitofanira kurerutsa paShoko, zvino, izvozvo, handina kugadzirwa nezvakadaro. Kwete. Maona? Shoko ndiro rokutanga. Maona?

²⁸⁶ “Zvinoka,” vakati, “kana ukasaita *izvozvo*, hauchakwanisa kuva wechechi yeBaptisti zvachose.”

²⁸⁷ Ndikati, “Handidaro. Haisi chechi yeBaptisti yakandiponesa. Aiva Jesu Kristu, munoona, akandiponesa.”

²⁸⁸ Ndiye Musimbotei wangu. Ndiye Kumira kwangu. Ndiye Mhedziso yangu. Ndiye Mbambo yangu. Ndipo pandakamira.

²⁸⁹ Zvino, kana ndiine chinhu chisiri icho, ipapo Mwari havazombochisimbise. Asi kana uine chinhu chaicho, Mwari vanosungirwa kuchisimbisa. Hezvoka izvo. Uye ndihwo humbowo hwacho. Maona? Kana chiri icho, Mwari vanosungirwa kuratidza kuti chiri raiti. Kana chisiri icho, haVanei nechekuita nacho.

²⁹⁰ Saka, ndinorangarira, mushure merumutsiriro rwangu rwekutanga. Ndaiva zasi kurwizi, ndichibhabhatidza. Ndakatora munhu wechi 17 imomo. Mudzimai wangu, ari musikana mudiki akamira pamahombekombe panguva iyoyo. (Ndakanga ndisati ndamboroora mudzimai wangu wekutanga uyo akazofa.) Zvino hapo paaiva, pamahombekombe. Uye vose vakanga vakamira ipapo, mazana nemazana evanhu, hongu, zviiuru 4 kana 5, pamwe kudarika, kukwira nokudzika nemahombekombe erwizi, masikati aipisa zvikuru muna Chikumi.

²⁹¹ Ndakafamba ndichipinda mumvura, ndikatora mumwe munhu, anenge munhu wechi 17, kuti ndimubhabhatidze. Ndaiva kuda ne 500, mushure merumutsiriro rwangu, vaida kubhabhatidzwa. Zvino ndakafamba ndichipinda mumvura nemunhu uyu. Ndakatanga kusimudza ruoko rwangu. Ndikati, “Baba veKudenga, apo ini. . .”

²⁹² Zvino panguva saiyooyo, chimwe Chinhu chakandizunguza. Ndakafunga, “Chiri kupi?” Ndakatarisa-tarisa. Vanhu vese vaive vakakotamisa misoro yavo, oo, kusvika kwandaikwanisa kuona. Kumashure-shure uko kumahombekombe, kwaiva, oo, nemota nevanhu vakaungana kwese-kwese pamadziro, nezvimwewo. Ndakatarisa zvakare. Ndakanzwa Inzwi

richiti, “Tarisa kumusoro.” Zvino ndaitya kutarisa kumusoro. Ndaingova mwana mudiki. Tine mufananidzo waCho.

Ndakati, “Baba . . .”

Chimwe chinhu chakati, “Tarisa kumusoro.”

²⁹³ Ndakaisa ruoko rwangu pasi. Muchinda wechidiki uyu, wandanga ndichizobhabhatidza, akanditarisa kumeso. Akati, “Chii, Hama Bill?”

Ndikati, “WaZvinzwa here?”

Akati, “Kwete.”

Ndakati, “Baba voKudenga . . .”

Vakati, “Tarisa kumusoro.”

²⁹⁴ Ndakatarisa mudenga, sezvizvi. Zvino kubva kumatenga kwakauya Shongwe yeChiedza ichitenderera-tenderera, Inzwi richibva maChiri, richitinhira, richidzika pasi. Rikati, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kuzofanotungamira kuuya kwekutanga kwaJesu Kristu, zvimwe chetezvo iwe unotumwa.” O Mwari! Ndakatarisa Chiedza ichocho. Ndakanga ndamboChiona, kubvira ndichiri mukomana mudiki.

Ndakaedza kuudza vanhu. Vakati, “Wava kupenga.”

²⁹⁵ Asi tsvakurudzo yesainzi, mushakabvu George J. Lacy, paakaongorora, pavakatora mufananidzo waCho, hapo paChaiva, zvimwe chetezvo. Chakaonekwa mumufananidzo. Humbowo hwesainzi hunoratidza kuti ndecheChokwadi. Kwandiri, hachina kumbondiudza chinhu chimwe chete kunze kwezviri chaizvo paRugwaro urwu.

²⁹⁶ Apo, ndakaona Moto iwoyo ndikaUnzwa, uye ndikaona vanhu vese vachidanidzira, vachifenda, uye vachidonha, vakatarisa ikoko, uye vachinongedzera kuChiedza ichocho. Bepa, bepanhau reLouisville, raive nenyaya yacho yakakura. Yakaenda muAssociated Press, nemose muCanada, kwese-kwese, “Chiedza chisinganzwisike chinoonekwa pamusoro pemushumiri weBaptisti wemunharaunda apo achibhabhatidza.” *Chisinganzwisike*, “chakaoma kunzwisisa.” Kangani kavakaChitora? Potse munhu wese ari muno, ndinofunga, munawo mumba menyu. Uripo muWashington, DC, une kodzero dzekusakoponorwa se “Chinhu chega chemweya chati chambotorwa mufananidzo, chakatorwa mufananidzo nesainzi.”

²⁹⁷ Chaiva Chii? Chiedza chimwe chete ichocho, Inzwi rimwe chete iroro, rakataura rikati, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi nekusingaperi.” Inzwi rimwe chete. Kwandiri, ndiYo Shongwe yeMoto imwe chete yakanga iri kumashure uko, nokuti Iri kuita mabasa mamwe chete. Jesu akati, “Ndakabva kuna Mwari uye Ndinoenda kuna Mwari. Kwechinguvana nyika

haichazoNdioni zvakare.” Akauya. Akati, paAive pano panyika, pamutambo, Akati, “NDIRI WANDIRI.” Unoti. . .

²⁹⁸ “Zvino, haUsati wapfuura makore 50 okuberekwa, asi, Wati, unoti iWe ‘wakaona Abrahamu?’”

Akati, “Abrahamu asati avapo NDIRI.”

²⁹⁹ Hapo paAiva. Chaiva Chii? Chiedza chiya, Moto uya, Mwari vaye, Mweya uya. Mwari Moto unopfuta. Ivo Chiedza. Zvino hapo paChaiva, imomo, chichiratidzwa muna Jesu Kristu. Chakadzoka apo Jesu akamuka kubva muguva.

³⁰⁰ Asi pazuva raAkasangana naPauro, achiuya zasi kuDhamasiko, Akanga adzokera kuna Mwari zvakare, nokuti Akati, “Ndini Jesu, Uyo waunotambudza.”

³⁰¹ Hama, musakotsira. Hamuoni here kuti Mwari mumwe chete iyeye ari pakati pedu iye zvino, achiZviratidza, kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? Ndiyo Mhedziso yangu.

³⁰² Haasati ambondiudza chinhu chimwe chete. . . Kana Akandiudza chinhu chimwe chete chinopesana neGwaro iri. . .

³⁰³ Handisati ndambove nemunhu akambomira pamberi pangu nazvino uye akaRipikisa. Mumwe muchinda akati aizodaro, imwe nguva, asi haana kuzviita. Haana kuuya. Aiva nepfungwa dziri nani pane dzandaifunga kuti anadzo. Anoziva zviri nani pane kuita izvozvo. Munoziva, muchinda akasimuka imwe nguva mumusangano, kuti azviite, akaoma mitezo. Vakamutakura panze.

³⁰⁴ Handina kumbobvira ndanetseka nechinhu, nekuti ndinotenda kuti Mhedziso yangu iShoko raMwari. Rinoratidzwa. Pane iRi ndichaisa mweya wangu nemutumbi. Sei? Haana kumbobvira andiudza chimwe chinhu kunze kwechaizvo zviri muMagwaro. Haana kumbobvira ataura chinhu kwandiri, pamberi paani zvake wenyu. . . Ndichatora chero ani wenyu kuti ave mutongi. Pane zvaAkambokuudzai here muZita raShe kunze kwezvakaitika? Ndizvozvo chaizvo.

³⁰⁵ Chii ichocho? Ndezvokuti, “Pamusoro pedombo iri,” pamusoro peShoko iri. Ndiye Wacho kwandinowana chizaruro. Chinobva kuna Iye AnoChizarura. Handina kudzidza. Handiedzi kunzvera, handiedzi kuRiziva. Ndinongoita sezvaAnondiudza. Zvadaro, paAnondiratidza, ndinotarisa pano, zvino hapo paRiri. Handina kana kumboRiona, uye herinoi iRi, uye RinoZviratidza. Ndiro Mhedziso yangu. Rakandichengetedza zvichidzika nemumakore aya. Hama, Rakandibatsira pandakanga ndisina imwe nzira yekubatsirwa.

³⁰⁶ Ndinoda kufira paRiri. Kana ndasvika panguva yekufa, ndinovimba, saMosesi, ndinoona Dombo riya rakamira uko. Ndinoda kutsika pariri, uye ndova nevatakuri kuti vanditakure ndiende.

307 Kusvikira panguva iyoyo, ndichararama ndakatendeka kuShoko iroro, saka ndibatsireiwo, Mwari, nekuti ndiyo Mhedziso yangu, ndisina chero ani zvake wandinoitira nduru, nerudo nenyasha kune vese. Kana zvisiri izvo, Mwari vanogona kundirova ndikafa ndakamira pano papurupiti ino. Handina nduru kuna chero ani zvake. Ndinoda munhu wese.

308 Uye hamuzivi here, makamboveenga here Johane weKutanga 4:17, kuti unofanira kuva nekugadziriswa saizvozvo, kuti uite rudo rwechokwadi panguva yekutongwa? Hakusi kuti ndive ndakasiyana. Rudo. Rudo harwujaidze, uye rudo rwunoranga.

309 Murume, anotendera mudzimai wake kubuda panze omhanya-mhanya husiku hwese nechimwe chidhakwa, ouya, mangwanani anotevera, oti, “Hongu, mudiwa, ndinovimba wakava nenguva yakanaka,” uri murume asina kana chaanobatsira. Chero murume anotendera mudzimai wake kubuda kunze uko uye opfeka zvikabudura, netuhembe utwu tweekare tweekushambirisa, mabhikini, kana chero zvazviri, akarara pakati pevanhu ava, potse handina tariro yekuti utombori murume. Ndizvozvo chaizvo.

310 Murume haayerwi nekuti tsandanyama dzake dzakaita sei, kuti mhasuru dzake dzakakura sei, anoyerwa nehunhu hwake. Ndizvozvo chaizvo. Zvino hunhu hunobva muShoko raMwari, uye iro roga.

311 Zvino chero muparidzi anozviti muparidzi, oramba Shoko iroro, achepa pahunhu hwaMwari ipapo, kwandiri. Amen. Pamwe pane tariro kana akateerera kwechinguva. Hongu. Zvino, handidi kuva ndinotsoropodza zvakare. Maona? Ndinokudai, uye ndinoreva izvozvo.

312 Asi ndiYo Mhedziso yangu, hama, Shoko iri, ZVANZI NAJEHOVHA. Uye munoziva kuti ichokwadi.

313 Ndanga ndichitarisa kwese-kwese ndichitsvaga Hama Carlson, kuti ndione kana vanga vachiri vakagara muno. Ndinodaira kuti vaenda. [Mumwe munhu anoti, “Henry?”] Hongu. Vanga vachitaura pano, nguva yapfuura.

314 Vakanga vari imomo chaimo muChicago apo boka riya reGreater Chicago Ministerial Association, handiti, mazuva 2 kana 3, vanga vari kuzondibvuraudza-bvuraudza, hongu, pane zvimwe zvinhu zvandanga ndichidzidzisa pamusoro peIzvi nepamusoro pezvinhu izvi. Zvino husiku 3 zvisati zvaitika, Mweya Mutsvene wakandimutsa ndokuti, “Enda uko unomira pahwindo iro.” Ndakaenda, zvino kwakava nemheni yaipenya. Wakati, “Vane muteyo wawakakuisira, asi usatadza kuenda. Ndichava newe.”

315 Ndakatora Hama Carlson, Hama Tommy Hicks. Imi mose munovaziva. Tine tepi yacho ipo pano. Zvino vaida kuti ndiende mangwanani akatevera, kunodya kudya kwamangwanani

nayo. Ndakaenda zasi kuTown and Country, ndokubva tagara pasi ikoko. Ndakafunga kuti ndaizongobvunzurudza Tommy. Ishamwari yangu yakanaka, hama inokosha. Ndakati, “Tommy, ndinofanira kusangana nevashumiri ivavo.” Ndikati, “Uri Chiremba weDivinity. Nzira yangu diki yekare yekutaura nayo isina zivo,” ndikati, “handingakwanisi kusangana nemachinda iwayo. Haungandiitirawo here izvozvo? Ndakakuitira mafevha akawanda.”

Akati, “Oo, handingakwanisi kuzviita, Hama Branham.”

³¹⁶ Zvino Hama Carlson, nevamwe, vakatarisana. Ndikati, “Munofunga kuti muri kundivanzira izvozvo here? Ndinoziva kuti sei musingazviite.” Ndikati, “Teerera. Imhaka yekuti Sangano iroro rine chimwe chinhu chavari kuzondibvunzurudza nezvacho.” Uye vose vari vaviri vakaratidzika sokunge vachatodonhera pasi.

³¹⁷ Zvino pavakadaro, ndakati, “Zvirokwazvo, ndizvozvo. Asi, regai ndikuudzei, Hama Hank.”

³¹⁸ Vagere muno pane imwe nzvimbo zvino. Vari ipo pano chaipo. Uye saka vakagara ipo pano. Ndikati, “Hama Hank . . .” Varegei vapupure. Saka tichangobva kupedza kutaura nezvazvo, nguva pfupi yadarika, mukati umo.

³¹⁹ Ndikati, “Hama Hank, teerera. Makatorenda kamuri yehotera iya, hamuna here? Asi ZVANZI NAJEHOVHA, vachakurambai.”

Akati, “Hama Branham, vane dhipoziti yangu.”

³²⁰ “Handina basa nezvamakabhadhara. Hamusi kuzoiwana. Tiri kupinda mune imwe nzvimbo . . . Mune kamuri yegirinhi, uye *iyi* ndeyebhurauni. Zvino Chiremba Meade vachagara pasi pano, *nanhingi-nhingi*,” uye chaipo pavachange vakagara. Uye ndakati, “Handisi kuda kuti muedze kuita zvekundityira zvakanyanya. Ingondizivisa kuungano, uye mondirega ndichiita zvimwe zvese.” Vakati . . .

³²¹ Zvino mangwanani iwayo pavakauya kumusoro ikoko, murume wese akagara chaipoipo. Vakakanzura nzvimbo yacho. Zvino vakatozowana nzvimbo yeTown and Country kunze uko, kuti—kuti vawane nzvimbo, kamuri yebhurauni, chaizvoizvo. Hapo pakagara Chiremba Meade nevamwe vavo vose, panzvimbo chaipo pavakanga . . .

³²² Ndakatarisa kwavari, Hama Tommy Hicks vakanditarisa. Ivo—ivo—ivo—ivo vakati, “Hama Branham, ndiri kunzwa kuda kutofenda.” Zvino vakati . . .

Ndikati, “Musanetseka.”

³²³ Zvino saka Hama Carlson vakasimuka, vakati, “Zvino, ndinoziva vazhinji venyu imi varume muchapesana naHama Branham, nezvinhu zvakadaro,” asi vakati, “pane chinhu

chimwe chete, havatye kumira pano.” Uye vakati, “Zvino, ndave kutongupira kwavari.”

324 Ndakati, “Zvino, mumwe nemumwe wenyu, hezvinoi zvamunazvo zvamunopesana neni.” Zvino ndakataura, zvinhu 4 kana 5 zvakasiyana. Ndikati, “Ndinoda kuti mumwe munhu atore Bhaibheri raKe ouya pano, ogomira parutivi rwangu oratidza kuti handiZvo. Zvirokwazvo. Uye kana musingagoni kuzviita, saka garirai kure neni.” Uh-huh. Ndizvozvo. Hongu, changamire. Hongu, changamire. Uh-huh! Ndizvozvo chaizvo.

325 Ndaive ndakamira uko muBombay, India, pachinhu chimwe chete, apo murume aive bofu akamira ipapo. Vachenjeri vaya nezvimwe zvose vagere kunze uko, uye ivo, varume vatsvene, navanaMohamedhi, nevanaBhudha, zvose. Ndakanga ndatoona chiratidzo kuti murume uyu akanga ari kuzogamuchira meso ake. Ndikati, “Regai, mumwe wenyu imi vanhu uko, auye kumusoro kuno azomupa kuona kwake. Nhasi ndavaraidzwa nezvitendero 17 zvakasiyana, uye mumwe nemumwe wenyu achiramba Jesu Kristu.” Ndikati, “Kana chinamoto chako chakakura kwazvo, huya, upe murume uyu kuona kwake.”

326 Waizoti kudii? Aiva munamati wezuva. Sezvakaita, Mwewa Mutsvene, asi vakafunga kuti Kwaiva “kuverenga pfungwa,” munoona, uye ndakanga “ndichiverenga pfungwa dzavo.”

327 Ndakati, “Handiti, zvirokwazvo Mwari wezvisikwa, kana munhu achida kuita zvakana, zvirokwazvo kuti Mwari wezvisikwa achamudzosa muchinhano chake chakanaka.”

328 Handaizvitaure izvozvo, pasina, dai ndisina kunge ndazviona zvichiitika muchiratidzo. Asi, ndakaziva, ipapo. Maona? Haudi kutora chimwe chinhu chaunofungidzira. Unoda kuva nechokwadi chaicho chekuti uri raiti, saka hauzoiti basa kuti chii chinouya kana chinoenda. Akamira ipapo newe, uye saka zvinoita mutsauko wei? Ipapo, munoziva zvakaitika, zvino bofu rakagamuchira kuona kwaro.

329 Mwedzi inenge 2 kana 3 yapfuura, ndakanga ndakamira mukamuri. Ndakanzwa inzwi richitaura mukona. Ndakaedza kumutsa mudzimai wangu, kuti aritarise ipapo. Ipapo, changa chichienda pamberi ipapo, chakanga chiri chinhu chinotyisa chakamira pamubhedha ipapo, chichindipomera mhosva. Mushure mekunge Andiudza...Ndakange ndaona rovambira huru ichimhanya. Inyoka yekuAfrica, uye yaiedza kuuraya vanhu, uye yakanga ichimhanyira hama yangu. Zvino ndakadanidzira, “O Mwari, ndoitawo sei?”

330 Vakati, “Wakapihwa simba rekuisunga.” Vakati “Iva wakashinga.”

331 Ndakataura nayo. Zvino muswe wayo wakakwira mudenga, ndokuzeya, uye, semubato uyu wechirongo chemvura pano, ndokuzvidzipa kusvika yafa. Hutsi hwebhuruu hukabuda mairi.

³³² Mangwanani akatevera, pandakamuka, ndaive ndakarara ipapo. Ndikati, “Regai ndimuke ndiendese vana kuchikoro.” Ndakatarisa uko, zvino hapo paiva nechinhu ichi chairatidzika kutyisa. Chairatidzika kunge chaive Alley Oop mubepa renyambo, mazinyanga makuru achibuda machiri. Aifamba, achinzwika sehuku iri kukekedza, kana—kana kuimba, sekunge dziri kubva mudanga. Ndakachitarisa.

Ndikati, “Meda, Meda, mudiwa.” Zvino haana kumuka.

³³³ Ndakafunga, “Ehe, ichocho chaizomuvhundutsa zvokunge achafa.” Ndakamirira ipapo kwechinguvana, ndokumira ndakatarisa.

³³⁴ Vanhu vanotaura pamusoro pemadhimoni, uye vasingatomboziva zvaari, imwe nguva. Ndizvozvo chaizvo. Asi unoita mahwekwe nawo, zuva nezuva, zvichida, asi unozviita. Cherechedza.

³³⁵ Zvino mushure mechinguva, akanga achindipomera. Akati, “Hauna simba naMwari. Unongova munyengeri. Hauna simba.”

³³⁶ Ndakati, “Satani, uri chigumbuso kwandiri. Ibva munzira yangu, nemuZita raJesu Kristu.” Zvino akabva aenda.

³³⁷ Ndakarara ipapo zvishoma, pamubhedha. Ndakatanga kusimuka, ndokunzwa manzwiro anotapira chaizvo achiuya pandiri. Ndakafunga, “Asi kuti Mweya Mutsvene zvino uri pedyo?” Zvino neche mukona. . . Zvechokwadi chaizvo, herino Bhaibheri rangu riri pamusoro pemoyo wangu. Izwi raitapirisa randati ndambonzwa muhupenyu hwangu, rakati, “Usatya kuenda kupi zvako, uye usatya kuita chero chinhu, nokuti Hupo hwaJesu Kristu husingakundike hunewe kwese kwaunoenda.”

³³⁸ Izvozvo zvakapedza nyaya yacho, neni. Rega vagumbuke. Ndine Mhedziso. Hoko yangu yakabataririra mhiri uko, nokuti iShoko raMwari mupenyu. Amen. Hongu. UnoMutenda here?

Nगतिकотामिसे misoro yedu kwechinguvana.

³³⁹ Kana usina Mhedziso iyoyo zvino, Itore. Kana uchida kuva neMhedziso iyoyo, chivimbo ichocho mumoyo mako cheMweya Mutsvene, simudza ruoko rwako, woti, “Ndinoda chimwe chinhu chinotsigira Shoko raMwari, uye ndizogona kuona Shoko raMwari richiratidzwa.” Amen. Mwari vakuropafadzei. Zviri kwese muchivakwa. Maita henyu.

³⁴⁰ Ndiri kungokuudza Chokwadi, shamwari. UsaIrega ichipfuura nepauri. Handisi kutaura. . . handisi chinhu. Ndiri hama yenyu. Musatarise kunhume. Imi tarisai Mharidzo. Musatarise nhume. Mwari vachaitora kubva pamuri. Havazogoverani Kubwinya kwaVo nemunhu. Ndizvozvo. Musatarise nhume. Tarisai Mharidzo.

³⁴¹ Kana munhu akamhanyira muno, anogona kunge ari mutema, weyero, webhurauni, ane mamvemve, kana aine cheki yako, cheki yebhanga yemadhura miriyoni, hawaizoita basa kuti

aive weruvara rwakadii kana kuti akapfeka sei. Ndeiro shoko raainaro kwauri.

³⁴² Zvino, musatarise matauriro angu ne—nezvinhu. Ingorangarirai kuti ndiri kukuudzai nezvaJesu Kristu Uyo ari pano zvino. Mutende nemoyo wako wese. Usatadza kuMutenda.

³⁴³ Ndiri kutarisa zvino kuti ndione zvaAchandiudza. Rambai makakotamisa misoro yenyu motanga kunamata. Ingovai nekutenda. Musapokane.

³⁴⁴ Zvino, Baba veKudenga, zvose zviri mumaoko eNyu. Ndinonamata, Baba voKudenga, iko zvino, kuti varume nemadzimai vari muno vagocherechedza kuti ichi hachisi chinhu chiri nyore kuchiiita, uri munhu anofa uye uchigara pakati pevanhu, uchigara nevanhu. Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti vanzwisise izvi uye vazive kuti muranda weNyu ari—ari kuedza kutaura nezveNyu. Uye ndakaona kuti Munochengeta Shoko reNyu, Ishe. Ndakaona kuti ichokwadi. Ndinoona kuti iMi neShoko reNyu muri mumwe chete.

³⁴⁵ Uye Makanditakura ndakachengeteka kusvika pari zvino, Baba. Kana . . . Mutumwa uya Akaonekwa nevanhu, uye vakaona Chiedza chaKe, Ari muShongwe yeMoto. Ishe, nemoyo wangu wese ndinotenda kuti NdiIshe wedu Jesu. Ndinotenda kuti ndiWo Mweya waKe, Mweya Mutsvene, watinonamata tose nekutenda mauri.

³⁴⁶ Mwari, dai tikasatadza kuUcherechedza zvino, uye dai tanzwisisa uye tadzoka. Uye dai chechi yazvichenesa. Dai sangano rega-rega. Baba, handinamate kuti Mugoparadza masangano iwayo. Asi ndinonamata kuti Mweya Mutsvene upinde musarudzo idzodzo, uye vagova vanoona zvinhu zvakasiyana, kuti vose vagova vamwe, hukama hwehama. Zviitei.

³⁴⁷ NdinoKutendai nokuda kwekushandira pamwe kwavo kwakanaka, Ishe. Dai asiri iMi mune izvi, pangadai pasina munhu akanditendera kuti ndipinde. Asi, iMi, Makandipa nyasha nevashumiri ava. Ndinonamata kuti Muvaropafadze, Ishe. Ndinovanamatira, kunyanya, mumwe nemumwe.

³⁴⁸ Ndinonamatira Hama Williams. Ishe, vapeiwo chishuwo chemoyo wavo. Oo, ndinonamata kuti Muvabatsire, ivo naHanzvadzi Williams, ne—nezvishuwo zvavo. Hama Shakarian, Hanzvadzi Shakarian, vose vakuru ava vari pano, veboka guru iri reungano iyo yaMakadanira kunze, mumazuva ano ekupedzisira, kutakura mharidzo yekubatanidza hama pamwe chete, Ishe, dai vakasambofa vava sangano. Dai vagara vakasununguka kubva kuzvinhu zvose izvozvo, uye votambanudza maoko avo vatora hama dzose dzakaberekwa neMweya. Zviitei.

³⁴⁹ Ropafadzai mapoka ose. Ropafadzai veOneness, ne—ne . . . mapoka ose maduku akasiyana-siyana, Ishe, vane pfungwa

dzavo dzakasiyana-siyana, ma—maTrinitarian, neavo vanotenda kuti Mwari vaviri, uye Mwari vatatu. Uye Mwari vari... Oo, chero zvavanotenda, Mwari, itai kuti vazive kuti kuna Mwari mumwe chete wechokwadi, Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waVo. Uye zviitei, Ishe, kuti vagokwanisa kunzwisisa zvinhu izvi, kuti hatina vanaMwari 4 kana 5. Tina Mwari mumwe chete mu—mumahofisi 3; Mwari mumwe chete, muna Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Dai ivo... Dai chizaruro chajeka pavari nhasi, Ishe.

³⁵⁰ Dai kukakavadzana uku kwachirega kuenderera mberi. Uye dai varume nevakadzi vakwanisa kuwadzana pamwe chete, uye vova vamwe muna Kristu, nekuti nguva yaperesesa zvino yokuitirana nharo idzi nezvinhu zvidiki.

³⁵¹ NdinoKutendai. Uye ndinotenda, Baba, vose vaMakafanotemera kuti vauye kuHupenyu vachanzwa Inzwi reNyu vogouya. “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Uye ndinotenda kuti Muchazviita, Ishe. Varopafadzei zvino.

³⁵² Kune maoko akawanda muno, apo zvichida maoko 200 akasimudzwa mudenga, vanga vachida kuKugamuchirai seMuponesi wavo, uye vanga vachida kuKugamuchirai se—seMhedziso yavo—yavo—yavo, chimwe chinhu chavaizogona kuisa kutenda kwavo pachiri, kuti mwoyo yavo chaiyo yaizotsigira Shoko rose nokuriita kuti riratidzwe. Zviitei, Baba. MuZita raJesu Kristu, ndinozvikumbara.

³⁵³ Zvino, apo muri pano pamwe chete uye muboka duku iri, ndinoda kuti munamate. Uye handisati ndamboita izvi, asi ndinonzwa kutungamirirwa kuzviita. Ingorambai muri mumunamato.

³⁵⁴ Uye vangani venyu imi vanhu vari muno vanondiziva? Uye uchirwara kana kuti une chishuwo, chako pachako kana chemumwewo munhu, simudza maoko ako. Kutu unondiziva, uye unoziva kuti ndinokuziva, simudzai maoko enyu, kwese-kwese. Maona? Zvinongoita sekunge kwese zvako. Zvino, isai maoko enyu pasi.

³⁵⁵ Zvino, avo vanoziva kuti hamundizive, uye handikuzivei, simudzai maoko enyu. Oo, zvichakadaro, kwese-kwese, hapana nzira yekuvasiyanisa.

³⁵⁶ Zvino ndinoda kuti munamate, munamate makaperera. Musapokana zvino. Ingonamatai. Uye ngatiitei kuti Mweya Mutsvene...

³⁵⁷ Zvino, kana ndataura zvinhu izvi, zvino, unoziva zvakanatsonaka uye chaizvo kuti hazvigoneki zvachose kuti ndizive kuti ndiwe ani, zvauri, kana chingavei nezvacho, chacho chiri kukunetsa. Asi chii chinoitika? Ko Jesu haana here kuvimbisa chinhu chimwe chete ichi muzuva rekupedzisira? Ko haAna here kutaura ipapo, paAkati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma”?

358 Mwari pavakaratiidzwa munyama, Murume iyeye akauya ipapo, achingori Munhuwo zvake, achidya nyama yemombe kana yemhuru, achinwa mukaka, nechingwa. Uye Akati, “Sara aripi?”

Akati, “Ari mutende, shure kweNyu.”

359 Uye Akataura zvaAizoita. Akati, “Ndichakushanyirai.” Abrahama akaMudana kuti *Elohim*, Ishe Mwari. Uye Akati . . .

Sara akasekera mumoyo.

360 Zvino Akati, “Sei Sara aseka?” Nemusana waKe wakafuratira tende.

Jesu akati, “Sezvazvaiva . . .”

361 Munooni, kwaiva nechechi yepanyama, chechi yepanyama, yaiva Roti neboka rake. Vaiva naBilly Graham wechimanjemanje akaenda zasi ikoko, ne—nevamwe vakadaro, naOral Roberts nevamwe, vachivadanira kunze. Vakaita chishamiso, zvekutoti, vakapofomadza. Vakaparidza Evhangeri.

362 Zvino kwaiva nevaSodhoma. Kwagara kuine mapoka 3 evanhu. VaSodhoma, munoonaka zvavakaita.

363 Asi vasanangurwa, mupentekosti, tingati, ndiye aive Abrahama, avo vakasobuda kare muEgipita, vakasobuda kare muSodhoma, vagere munyika, munyika inevhu risina kuworera. Munooni mhando yeMharidzo yavakawana?

364 Zvino tarisai, nhasi, ndirinhi pakambove nenguva? Ndiudzei nguva yacho pane akamboenda kuSodhoma.

365 Rangarirai, akanga ari Abrahama, A-b-e-r-h-a-m, kana kuti A-b-r-a-h-a-m-a, waro.

366 Ndirinhi pakambove nenhume yakamboenda kumachechi emasanganano emunharaunda nemurume anopedzisa zita rake na h-a-m, G-r-a-h-a-m?

367 Ko kuboka repentekosti? Hazvina kumbobvira zvakazivikanwa munhorondo. Ndakasanganana nazvo nguva pfupi yadarika, ndichitarisa mazita.

Unoti, “Mazita haarevi chinhu.”

368 Saka sei Sauro ipapo akashandurwa zita rake kunzi Pauro? Ko sei Simoni kuva Petro? Ko sei Jakobho kuva Israeri? Zvirokwazvo, ndizvo.

369 Iva nekutenda muna Mwari. Usapotsa kucherechedza chinhu icho Mwari vari kuedza kukupa. Zvino namata. Iti, “Ishe Jesu, ivaiwo netsitsi.”

370 Kana ndisiri kukanganisa, apo makakotamisa misoro yenyu, ndakatarisa neche apa. Ndinofunga kuti ndiHanzvadzi Carl Williams vagere neche apa kurudyi rwangu. Ndizvo here, Mai Williams? Ini . . . Neche kuno, Hanzvadzi Carl Williams? Zvaratidzika savo vakagara neche uko kurudyi rwangu. Ndanga

ndisina chokwadi. Ndazvijekesa here? Ndinodaira kuti vanga vasiri.

Ndiri kuedza kuona mumwe munhu wandinoziva.

³⁷¹ Ndatarisa-tarisa, ndiri kuona Hama naHanzvadzi Dauch vagere pano, asi vanobva kuchechi.

³⁷² NdiMai Outlaw here vari neche kuno kuruboshwe rwangu? Ndatofunga kuti ndimi chaivo, makamira ipapo. Mai Outlaw, ndinokuzivai. Muri mumwe munhu wandinoziva. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Imi nyatsotarisa kwandiri. Munonditenda here kuti ndiri muranda waMwari? Munotenda here kuti zvinhu izvi zvandinodzidzisa iChokwadi? Zvino, Mai Outlaw, handisati ndambotaura nemi sekuziva kwandinoina, zvinotodarika gore, kubva pandaiva pano kumashure. Kwete, ndinotenda kuti ndakakusimudzirai ruoko, rimwe zuva, murestorandi.

³⁷³ Tarisai kuno kwandiri. Asi mune mutoro pamoyo wenyu, kwete zvakananyanya kunge uri wenyu pachenyu, asi wemumwe munhu. Mudzimai wechidiki. Muroora wenyu. Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiudza dambudziko rine muroora iyeye? Ane rakaita sedambudziko resinus, uyewo ane kuhuta-huta, chaizvo, kuhuta-huta chaiko. Zvakanaka. Musa—musanetseke. Zviri kuzomusiya. Azvinzwa pakare ipapo, akagara pano. Hongu. Zviri kuzomusiya.

³⁷⁴ Ingovai nekutenda. Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”]

³⁷⁵ Heuno mudzimai akagara pamberi pangu pano, mutsva zvachose. Asi hamusi kuona here Chiedza icho chakaremba pamusoro pake? Ari kutambudzika nehutera mumutumbi wake. Iye, haasi wekuno. Anobva kuCalifornia. Ndiri mutsva zvachose kumudzimai uyu, asi anoziva kuti ndiri kutaura naye zvino. Muri kuona here Chiedza icho chakaremba pamusoro pake? Ndiri... Handimuzivi, handina kumbomuona. Asi zita rake ndiMai Elliott. Kana mukatenda nemoyo wenyu wese, endai kumba, mugopodzwa. Munozvitenda here? Zvakanaka. Zvino, kana ndiri mutsva nezvese, ninirai ruoko rwenyu, zvakare, saizvozvo. Maona? Simudzai ruoko rwenyu, uye mutende nemoyo wenyu wese, muone kana zviri izvo. Ivai nekutenda.

³⁷⁶ Heunoi mudzimai akagara pamberi pavo chaipo, ari parutivi chaipo, anofanira kunge ari murume wavo. Akagarawo ipapo zvakare, uye ane dambudziko netsandanyama dzake. Dzine kugwinha-gwinha madziri. Ndizvozvo chaizvo. Hongu, amai. Mai Darwich, kana muchitenda nemoyo wenyu wese! Munotenda here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Hezvoka izvo. Handikuzivei, handina kumboziva zita renyu kana chimwe chinhu pamusoro paro, asi ichokwadi. Handizvo here? Zvino manga makagara ipapo, muchiti, “Ishe, ngandivewo ini.” Maona? Kana zviri izvo, ninirai ruoko rwenyu mberi

neshure, sezvizi. Ninirai ruoko rwenyu kana zviri izvo. Zvakanaka.

³⁷⁷ Hezvoka izvo. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Baba veKudenga vanoziwa kuti zvinhu izvozvo ndezvechokwadi. Ndizvozvo. Chii ichocho? NdiJesu Kristu. Zviri kuitei? Ndizvo chaizvo zvaAkataura zvazvaizaita mumazuva ekupedzisira.

³⁷⁸ Zvino, kana zviri izvo, uye Mwari vachizviita, vachiratidza kuti ndizvo, zvino Shoko randiri kuparidza nderechokwadi, nokuti ndiMwari mumwe chete achichengeta Shoko raKe. Tenda kunaShe.

³⁷⁹ Ibvai panzira dzenyu dzine kakudziya. Ibvai kuzvinhu izvi zviri kukuzvuzvurudzai, seHollywood, zvinhu izvi zviri kukuzvuzvurudzai semamwe machechi ose. Dzokerai kuna Mwari, uye muwane mhedziso inobata hoko yemoyo wako.

³⁸⁰ Vangani vangada kuva nechitiko ichocho naKristu? Simukai netsoka dzenyu imo muno chaimo muHupo hwaKe, mamunoziva kuti Ari pano. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Zvino, zvakanaka. Zvino, zvakanakisa kwazvo. Oo, ini zvangu! Handizivi zvekutaura.

³⁸¹ Dai mumwe nemumwe wenyu pano akagamuchira Mharidzo iyoyo, yokuti Jesu Kristu ari pano nesu! “Kwechinguvana uye nyika, vasingatendi, havachazoNdioni zvakare. Asi, imi muchaNdiona. Ndichava nemi, kunyangwe mamuri. Mabasa aNdinoita muchaaitawo zvakare.” “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ndizvo here? Zvino, muri kuMuona achishanda, chaizvoizvo zvaAkavimbisa.

³⁸² Zvino, Ari pano. Chinhu choga chaunofanira kuita, usango... Ingozviraadzika pasi woti, “Ishe Jesu, ndinotsunga zvino mumoyo mangu, kubva panguva ino zvichienda mberi, ndave weNyu, uye Mave wangu. Uye ndinoda chitiko ichi mumoyo mangu, chokuti ndikwanise kutaura Shoko reNyu, Shoko reNyu rigorarama. Uye zvandinokumbira, ndinotenda kuti zvichaitwa.” Munozvida here?

³⁸³ Zvino ngatingosimudzai maoko edu kuna Mwari uye tinamate, mumwe nemumwe wedu zvino, munhu wese. Uyezve ndinoda kuti usimudze ruoko rumwe, woisa rumwe ruoko pane mumwe munhu ari pedyo newe. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

VeBusiness Men, Mwari ngavagare vachikuropafadzai, vave nemi! 

63-0127 Mhedziso
Ramada Inn
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org